ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№152 (22.810) • 2014 гъэм шыщхьэуІум (августым) и 2, щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Зыхунэмысахэр щыІэми

● Дыгуасэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Юрий Бахъсэн районым хыхьэ Къуфэ-Тэбэ къуажэм дыгуасэ щыІащ, уэлбанэшхуэм эзтрикъута пСэуалъэхэр, гъэзугъэр, екІуэлІапІэхэр зэрызэрагъэпэщыжым, пСэуныгъэр къыззэгъэпэщ Іэнатіэхэр зэрызэтраухуэжым зыхигъэгъуэзащ, щІыхуэхэм яхуэзащ, ахэр нэхъыбэу зыгъэпІейтейхэр зригъэщІащ.

МЫ ГЪЭМ накъыгъэм и 29-м и пщыхьэщхьэм дунейм и къэхъукъащІэм апхуэдэ гъэзвэгъуэ къахуихьыну жылэм дэсхэм я гущхьэ къэкІыхэрт-къым. Мывэрэ ятІэрэ къыздихьу метрэ ныкъуэкІэ зыкъэзыІэта псы фІей толъкъуныр гъуэгум щхьэдэхьу къуажэм щыдэуам, псори щхьэкІэжэ хъуат. Абыхэм къызэрагъуэтжымкІэ, щІыхуэхэр гъуэгубгъу жыгым фІэст, псыдзэм автомашинэхэр здрихьэхырт. Бынилл зиІэ Хъэрэщей Светэ къызэрыджИамкІэ, къызэрымыкІуэ щытыкІэхэмкІэ Іуэхущ1ап1эм и лэжьакІуэхэр псынщІэу ятІьхьэсатэмэ, лейшхуэ къальхьсынут. Мазищ1 фІэкІа зи мыныжьь сабии яхэту, щІыху куэд псыдзэм къраГъэлащ.

- Дунейм и къэхъукъащІэм къиша хэщІыныгъэхэм я Іьуэжьхэр гъэкІуэдыжьынм хэкъуэзауэ делэжьащ, абы теухуауэ дубзыхуахэр текІ имыІэу догъэзащІэ, Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр зэфІэкІауэ къыдольытэ. Къубэ-Тэбэ къуажэм къыщыхьуар нобэ уигу къэзыгъэкІыжыр щхьэгъубжэхэм нэсу къекІуэкІ бжьыгъэхэр къызытена унэ блын закъэзтІакъэузщ. Уэрам псори зэлъыІуахьыкри, мывэкІэщхъ ираку хьыжащ. Фэтэр куэд хъу псэуп1эхэмрэ щІым тет лъапсэхэмрэ я Іэшэлъашэр ягъэкъэбзэжащ, а щІыпІэхэми пшахъуэрэ мывэкІэщхъэрэ тракІутащ, - кІыгъэлъэгъащ район администрацэм и Іэтащхьэм и ятІэ къуэдзэ Къэнэмэт Рустам.

Абы зэрыжиІамкІэ, псыдзэм къызэдихьа ятІэ зэтэжьыхьаэр зэтрахьжри, хьэлъэзешэ транспорткІэ дэшыгъуэ 400-м щІигъу Іурагъэшащ. Фэтэр куэд хъу унэхэм, щІым тет псэуалъэхэм я щІыпэхэм псыр къращри, егупъуу ягъэкъэбзэжащ, псэуп1эжьхэр здэщІта щІыпІэм кьиубыд метр зэбгъуэзанатІэ 600-м парк щагъэтІысынщ - жьыгкэр щыхасэнущ, сабий джэгуп1эхэр щаухуэнщ. Псыдзэр нэхъыбэу зыльэІэса, абы Іисраф ищІа уэрамхэр зэрагъэпэщыжащ, екІуэлІапІэхэр зыхуейуагъэзащ. Къуажэр зэпызыщІэ лъэмыжьыр трихати, щІэрыщІэу трилъхьэжащ, совет лъэхъэнэми ящІауэ щыта ятІэпс щІэкІыпІэр ягъэкъэбзащ, давлен лъагэмрэ лъэхъшэмрэ ятещІыхьа газ гуэшыпІэр зы жэщ-махуэм кьриубыдэу зэфІагъэувэжащ. БжьыгъэкІэ къапщтэмэ, пшахъуэ зэхэлъу машинэ 500, мывэкІэщхъэу 100-м нэблагъэ къагъэсэбэпащ.

КІуэкІуэ Юрий а псори зригъэлъэгъуащ, хьуа-щІахэр кІыпльатащ, псыдзэр егъэлеиуэ зыльэІэса Мамбэт Іэсият и унагъуэм кІуэри, и Іуэхур зыІутыр зригъэщІащ. Дунейм и къэхъукъащІэ шынагъуэр зэранышхуэ зыхуэхъуа фэтэрилл хъу унэм щыпсэуахэм ящыщу тІур а щІыпІэм щамытхауэ къыщІэкІащ. Абы къишэ гугъуехьэр, зэІуміызыныгъэхэр зыхуэдэр республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэм хуаІуэтащ. Куей администрацэм и унафэщІ Сыжажэ Хьэсэн къызэрыхигъэщамкІэ, а унэм щатхахэм псэуп1э сертификат къыхудахынущ, адреитІым зэрызыщІагъэкъуэну щІыкІэми йогупсыс. КІуэкІуэ Юрий абыхэм яжриІащ Іуэхум фІыуэ зэрыщыгъуазэр икІи зыри гулъытэншэ зэрамыщІынур.

- Фымыгужьей, дэри дывмыгъэпІащІэ. Хабзэм дытекІ щымыхъунукІэ, абы къигъэувкэр тэмэму зэхуэдгъэкІуэхункІэ зыхуэдбгъэгъэшэч, нэгъуэщІу хъунукъым, зыхуэфащэ тхыльхэр дгъэхьзэщаци, фи сэбэп хэльу зэфІэхыну дыщогугъ, - къыхигъэщащ КІуэкІуэ Юрий.

Псым и Іуэхум щыщІэупщІэм, Сыжажэ Хьэсэн къигъэльэгъуащ къыщІэшыпІэр зэрызэрагъэпэщыжар, ар хъарзынэу унагъуэхэм зэрапІэрыхьэр.

Къуажэ щыхъукІэ, щІыхуэхэр куэдым егъэпІейтей. Ахэр щІэупщІащ Іуэгубгъу сату щыпІэхэр Іуахыну зэрыжаІэм и пэжыпІэм, апхуэдэ унафэр къызыхэкІам. КІуэкІуэ Юрий зэрыжиІамкІэ, псом япэу ар зытращІыхьыр езы щІыхуэм я щынагъуэншагъэрщ. Абы къыхэкІыу, сату щІыпІэ екІуэхэр хэхауэ хуауэхэнущ, зыми и хуитынигъэр къызэпаудынукъым, а Іуэхур тэмэму къызэрагъэпэщынущ.

Гъавэ щІапІэхэм я зехьэкІэми хуэфащэ унафэ къыхуагъуэтынущ. КІуэкІуэ Юрий къигъэльэгъуащ а Іуэхум псалъэмакъ куэд къызэрыгъэпэщыжу, къуажэдэсхэм къагъэувэхэм фІыуэ зэрыщыгъуазэр икІи ахэр зэфІэхыным хэкІыпІэ къызэрыхуалъыхьуэр.

КъыкІэлъыкІуэу республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэр ныбжьыщхьэ зиІэ общественитым и щытыкІэм еІпъащ, зэгъэпэщыжьым яух сабий гъэсапІэм щыІащ.

Лэжьыгъэм къыщагъэсэбэпын пащІэ, КІуэкІуэ Юрий гу зылъытахэр зэщхьэщыхьуэ ятхащ, районымрэ Къубэ-Тэбэ къуажэмрэ я унафэщІхэм мы зэман гъунэгъум къапэщыт къалэнхэр ягъэбелджылащ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Мы махуэхэм

Шыщхьэ УІум и 2, *щэбэт*

♦**УФ-м и Хьэуа-Десантыдзэхэм я махуэщ**

♦**Краснодар щІыналъэм и жьзумгъэкІхэм ягъэлъапІэ Гъавэм и махуэр**

♦1916 гъэм Москва АМО заводыр (иужькІэ ЗИЛ хъужар) щаутІыпщащ.

♦1933 гъэм километр 227-рэ зи кІыхьагъ Беломор-Балтие кІэнаУэр ятащ.

♦1942 гъэм Налшык Дзэ Плъыжьым щхьэкІэ щагъэхьэзырат ткІуатКІуэ къауэру птулькІэ мин 20.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 29-рэ, жэщым градус 20 - 22-рэ щыхъунущ.

Шыщхьэ УІум и 3, *тхьэмахуэ*

♦**ГъущІ гъэзугъ лэжьакІуэм и махуэщ**

♦**Къэзахъстаным щагъэлъапІэ транспорт Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм я махуэр**

♦1783 гъэм Куржым (Грузием) и Къухьэпіэ лъэныкъуэр Урысейм хыхьащ.

♦Іэфынкіэ къыщащІэгъэкІ «Бабаевский» концернырр къызэрыуэрагъэпэщІрэ илъэс 210-рэ ирокъу.

♦Чукотскэ автономнэ округым и къалащхьэ Анадырь къалэм и лъабжьэр зэрагъэтІысыпрэ илъэси 125-рэ ирокъу.

♦ЩышхьэУІум и 3 - 7-хэм Дурбан (ЮАР) щекІуэкІынущ Архитектурхэм я дунейпсо зэгуэхэныгъэм и ХХУ зэхуэсыщхэр.

♦1942 гъэм ЗыхъумэжьыныгъэмкІэ Налшык комитетым зыхъумэжьыныгъэмкІэ гупэкэ къыззэгъэпэщыным теухуа унафэ къищтащ.

♦1952 гъэм Хельсинки щыІэзхуащІыжащ XV Олимп Джэгуэр. Абы яп1э дыдэу СССР-м и спортсменхэр хэтащ.

♦1994 гъэм Налшык къыщызэІуахащ Бгырысхэм я дунейпсо конгресс.

♦КъБР-м и щІыхубэ сурэтыщІ, скульптор **БжьІымых Хьид** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦УсакІуэ **КІэмыргуей Анатолэ** къызэралъхьэ илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Публицист, тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидат, УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Мэшыкъуэ Тэзал** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик **Джауржий Оксанэ** къыщалъхуэ махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 30, жэщым градус 20 - 24-рэ щыхъунущ.

Шыщхьэ УІум и 4, *блыщхьэ*

♦1693 гъэм шампанскэр зэращІыр къагупсысащ.

♦УэрэджыІакІуэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и артист **ШыкъМихаил** къызэралъхьэр илъэсищ1э ирокъу.

♦Биологие щІэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор **ІэкІатэ Валерэ** и ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокъу.

♦Хьэуа-десантыдзэхэм я къхъухьлъатэхэхуэ, Урысейм и Лыхъужь **Цей Эуард** и ныбжьыр илъэс 48-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 29-рэ, жэщым градус 22 - 24-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Юрий Бахъсэн районым хыхьэ Къуфэ-Тэбэ къуажэм дыгуасэ щыІащ, уэлбанэшхуэм эзтрикъута пСэуалъэхэр, гъэзугъэр, екІуэлІапІэхэр зэрызэрагъэпэщыжым, пСэуныгъэр къыззэгъэпэщ Іэнатіэхэр зэрызэтраухуэжым зыхигъэгъуэзащ, щІыхуэхэм яхуэзащ, ахэр нэхъыбэу зыгъэпІейтейхэр зригъэщІащ.

МЫ ГЪЭМ накъыгъэм и 29-м и пщыхьэщхьэм дунейм и къэхъукъащІэм апхуэдэ гъэзвэгъуэ къахуихьыну жылэм дэсхэм я гущхьэ къэкІыхэрт-къым. Мывэрэ ятІэрэ къыздихьу метрэ ныкъуэкІэ зыкъэзыІэта псы фІей толъкъуныр гъуэгум щхьэдэхьу къуажэм щыдэуам, псори щхьэкІэжэ хъуат. Абыхэм къызэрагъэтжымкІэ, щІыхуэхэр гъуэгубгъу жыгым фІэст, псыдзэм автомашинэхэр здрихьэхырт. Бынилл зиІэ Хъэрэщей Светэ къызэрыджИамкІэ, къызэрымыкІуэ щытыкІэхэмкІэ Іуэхущ1ап1эм и лэжьакІуэхэр псынщІэу ятІьхьэсатэмэ, лейшхуэ къальхьсынут. Мазищ1 фІэкІа зи мыныжьь сабии яхэту, щІыху куэд псыдзэм къраГъэлащ.

- Дунейм и къэхъукъащІэм къиша хэщІыныгъэхэм я Іьуэжьхэр гъэкІуэдыжьынм хэкъуэзауэ делэжьащ, абы теухуауэ дубзыхуахэр текІ имыІэу догъэзащІэ, Іуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр зэфІэкІауэ къыдольытэ. Къубэ-Тэбэ къуажэм къыщыхьуар нобэ уигу къэзыгъэкІыжыр щхьэгъубжэхэм нэсу къекІуэкІ бжьыгъэхэр къызытена унэ блын закъэзтІакъэузщ. Уэрам псори зэлъыІуахьыкри, мывэкІэщхъ ираку хьыжащ. Фэтэр куэд хъу псэуп1эхэмрэ щІым тет льапсэхэмрэ я Іэшэлъашэр ягъэкъэбзэжащ, а щІыпІэхэми пшахъуэрэ мывэкІэщхъэрэ тракІутащ, - кІыгъэлъэгъащ район администрацэм и Іэтащхьэм и ятІэ къуэдзэ Къэнэмэт Рустам.

Абы зэрыжиІамкІэ, псыдзэм къызэдихьа ятІэ зэтэжьыхьаэр зэтрахьжри, хьэлъэзешэ транспорткІэ дэшыгъуэ 400-м щІигъу Іурагъэшащ. Фэтэр куэд хъу унэхэм, щІым тет псэуалъэхэм я щІыпэхэм псыр къращри, егупъуу ягъэкъэбзэжащ, псэуп1эжьхэр здэщІта щІыпІэм кьиубыд метр зэбгъуэзанатІэ 600-м парк щагъэтІысынщ - жьыгкэр щыхасэнущ, сабий джэгуп1эхэр щаухуэнщ. Псыдзэр нэхъыбэу зыльэІэса, абы Іисраф ищІа уэрамхэр зэрагъэпэщыжащ, екІуэлІапІэхэр зыхуейуагъэзащ. Къуажэр зэпызыщІэ лъэмыжьыр трихати, щІэрыщІэу трилъхьэжащ, совет лъэхъэнэми ящІауэ щыта ятІэпс щІэкІыпІэр ягъэкъэбзащ, давлен лъагэмрэ лъэхъшэмрэ ятещІыхьа газ гуэшыпІэр зы жэщ-махуэм кьриубыдэу зэфІагъэувэжащ. БжьыгъэкІэ къапщтэмэ, пшахъуэ зэхэлъу машинэ 500, мывэкІэщхъэу 100-м нэблагъэ къагъэсэбэпащ.

КІуэкІуэ Юрий а псори зригъэлъэгъуащ, хьуа-щІахэр кІыпльатащ, псыдзэр егъэлеиуэ зыльэІэса Мамбэт Іэсият и унагъуэм кІуэри, и Іуэхур зыІутыр зригъэщІащ. Дунейм и къэхъукъащІэ шынагъуэр зэранышхуэ зыхуэхъуа фэтэрилл хъу унэм щыпсэуахэм ящыщу тІур а щІыпІэм щамытхауэ къыщІэкІащ. Абы къишэ гугъуехьэр, зэІуміызыныгъэхэр зыхуэдэр республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэм хуаІуэтащ. Куей администрацэм и унафэщІ Сыжажэ Хьэсэн къызэрыхигъэщамкІэ, а унэм щатхахэм псэуп1э сертификат къыхудахынущ, адреитІым зэрызыщІагъэкъуэну щІыкІэми йогупсыс. КІуэкІуэ Юрий абыхэм яжриІащ Іуэхум фІыуэ зэрыщыгъуазэр икІи зыри гулъытэншэ зэрамыщІынур.

- Фымыгужьей, дэри дывмыгъэпІащІэ. Хабзэм дытекІ щымыхъунукІэ, абы къигъэувкэр тэмэму зэхуэдгъэкІуэхункІэ зыхуэдбгъэгъэшэч, нэгъуэщІу хъунукъым, зыхуэфащэ тхыльхэр дгъэхьзэщаци, фи сэбэп хэльу зэфІэхыну дыщогугъ, - къыхигъэщащ КІуэкІуэ Юрий.

Псым и Іуэхум щыщІэупщІэм, Сыжажэ Хьэсэн къигъэльэгъуащ къыщІэшыпІэр зэрызэрагъэпэщыжар, ар хъарзынэу унагъуэхэм зэрапІэрыхьэр.

Къуажэ щыхъукІэ, щІыхуэхэр куэдым егъэпІейтей. Ахэр щІэупщІащ Іуэгубгъу сату щыпІэхэр Іуахыну зэрыжаІэм и пэжыпІэм, апхуэдэ унафэр къызыхэкІам. КІуэкІуэ Юрий зэрыжиІамкІэ, псом яп1э ар зытращІыхьыр езы щІыхуэм я щынагъуэншагъэрщ. Абы къыхэкІыу, сату щІыпІэ екІуэхэр хэхауэ хуауэхэнущ, зыми и хуитынигъэр къызэпаудынукъым, а Іуэхур тэмэму къызэрагъэпэщынущ.

Гъавэ щІапІэхэм я зехьэкІэми хуэфащэ унафэ къыхуагъуэтынущ. КІуэкІуэ Юрий къигъэльэгъуащ а Іуэхум псалъэмакъ куэд къызэрыгъэпэщыжу, къуажэдэсхэм къагъэувэхэм фІыуэ зэрыщыгъуазэр икІи ахэр зэфІэхыным хэкІыпІэ къызэрыхуалъыхьуэр.

КъыкІэлъыкІуэу республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэр ныбжьыщхьэ зиІэ общественитым и щытыкІэм еІпъащ, зэгъэпэщыжьым яух сабий гъэсапІэм щыІащ.

Лэжьыгъэм къыщагъэсэбэпын пащІэ, КІуэкІуэ Юрий гу зылъытахэр зэщхьэщыхьуэ ятхащ, районымрэ Къубэ-Тэбэ къуажэмрэ я унафэщІхэм мы зэман гъунэгъум къапэщыт къалэнхэр ягъэбелджылащ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Лъэпкъ Іуэщыгъэ:

Ахъшэ уиІэмэ, бохъшэ бгъуэтынщ.

● Промышленность

И зэфІэкІым хегъахъуэ

Тэрч районым щыІэ «Консервпром» заводыр ящыщщ лъэ быдэкІэ ува предприятэхэм. 2007 гъэм къызэІуаха ІэнатІэр зыхуей-зыхуэфІхэмкІэ нэсу къызэрэгъэпэщащ. Абы и фІыгъэкІэ, ООО-м зы сыхьэтым къриубыдэу фІэІуГъэ банкІыу мини 4 егъэхьэзыр.

МЫ ЗЭМАНЫМ заводым къыщІегъэкІ нащэ, помидор, къэбыстэ, горох щхьэуантІэ гъэфІэІуахэр. Апхуэдэу йолажь салат зэхэлъ лІэужьыгъуэхэми, мыЕрысэ компотхэми.

«Консервпром» ООО-м хуэзфІокІ езым хуэдэ адрей ІэнатІэхэм куэдкІэ къащхьэщыкІыу лэжььэну. Къапщтэмэ, заводым къигъэсэбэпыр езым и къыщІэшыпІэм къыщригъахъуэ псы къабзэщ. ХадэхэкІхэри езыхэм я губгъуэм къыщагъэкІыж, сыт и лъэныкъуэкІи ахэр къабзэлъабзэу, цІыхум я узынщагъэм зэран хуэхъу консервантхэр къамыгъэсэбэпу.

Иджыпсту заводым цІыхуи 120-рэ егъэлажьэ. Нэхъапэм хуэдэу абыхэм къраХьэлІэ лажьыгъэр хьэлъэжькъым. Ар, дауи, зи фІыщІэр мыбы щагъэувэ «Теспосеат» итальян фирмэм и Іэмэпсымэ зэпэщхэрщ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Гъуазджэ

Аруаным и чэзут

Налшык къызэрыунэхуэр илъэс 290-рэ щрикъум ирихьэлІэу ирагъэкІуэкІыну трауху дауэдапщэхэм хэту «Гъагъэ, си Къэбэрдей-Балъкъэр!» фестивалым къыпызышэ зэІущІэ гуапэт щэбэт КІуам Хьэтіохъущокъуэм и жыг хадэм щекІуэкІар.

ЗИ ЧЭЗУР Аруан щІыналъэрати, абы и къэфакІуэ гуп нэхъыфІхэм, уэрэджыІакІуэхэм я зэфІэкІ къагъэлъагъуэрт. Къызэхуэсахэр хуабжу иткъэжьуат мэздагу адыгэхэм я къафэм, хамэ къэрал уэрэдхэм. Псом хуэмыдэу ныбжьыщІэ цІыкІухэм я макъ жьгъырум я гукъыдэжьр къиІэтат.

Фигу къэдгъэкІыжьынщи, фокІадэм и кІэм нэблагъэху, зыгъэпсэхугъуэ махуэ къэс Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэхэм чэзуэрэ я зэфІэкІыр ягъэлъэгъуэнущи, ар зыфІэгъэщІэгъуэн псори КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм фрегъаблагъэ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Ахъуэхъу А. Къ. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр фІэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Республикэм и щэнхабзэмрэ гъуэздзэмрэ зегъэужьыным куэд зэрыхищІыкІыжьам папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр фІэщын **Ахъуэхъу Ася Къаплъэн и пхъум** - Налшык къалэм и «Гимназие №4» муниципальнэ кІэзонэ еджапІэм и художественно-эстетикэ центрым и къудамэм и методистым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм бадзэуэгъуэм и 29-м
№163-УГ

«Лэжьыгъэмрэ зыхъумэжьыныгъэмрэ сыхуэхьэзырщ» (ГТО) Урысейпсо физкультурэ-спорт комплексыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэкІэлъыкІуэу щыІэ зэІущІэхэм я Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

«Лэжьыгъэмрэ зыхъумэжьыныгъэмрэ сыхуэхьэзырщ» (ГТО) Урысейпсо физкультурэ-спорт комплексым и Іуэхукіэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2014 гъэм гъатхэпэм и 24-м къыдигъэкІа Указ №172-р гъэзэщІэн мурадкІэ, **унафэ щІ**:

1. «Лэжьыгъэмрэ зыхъумэжьыныгъэмрэ сыхуэхьэзырщ» (ГТО) Урысейпсо физкультурэ-спорт комплексыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэкІэлъыкІуэу щыІэ зэІущІэхэм я къыззэгъэпэщакІуэ комитет къэщтэн.

2. «Лэжьыгъэмрэ зыхъумэжьыныгъэмрэ сыхуэхьэзырщ» (ГТО) Урысейпсо физкультурэ-спорт комплексыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэкІэлъыкІуэу щыІэ зэІущІэхэм я къыззэгъэпэщакІуэ комитетым хэтхэр къэщтэн, мы Указым и гуэдзэным зэриты хуэдэу.

3. «Лэжьыгъэмрэ зыхъумэжьыныгъэмрэ сыхуэхьэзырщ» (ГТО) Урысейпсо физкультурэ-спорт комплексыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэкІэлъыкІуэу щыІэ зэІущІэхэм я жэуап яхуэ къэпытэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и министерствэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэнымрэ зыхъумэжьыныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкіэ министерствэр (еджапІэхэм комплексыр щыІэзэгъэувэным пыщІа лэжьыгъэхэр къызэрэгъэпэщыныжьмкІэ), Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Уэзыншагъэр хъумэныжьмкІэ и министерствэр (комплексыр зэтегъэувэным пыщІа медицинэ Іуэхуэхэр къызэрэгъэпэщыныжьмкІэ).

4. Республикэм щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныжьмкІэ и органхэм чэнджэщ етын «Лэжьыгъэмрэ зыхъумэжьыныгъэмрэ сыхуэхьэзырщ» (ГТО) Урысейпсо физкультурэ-спорт комплексыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэкІэлъыкІуэу щыІэ зэІущІэхэм я Іуэхукіэ зыхуэфащэ Іуэхуэхэр зэфІагъэкІыну.

5. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм бадзэуэгъуэм и 29-м
№159-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2014 гъэм бадзэуэгъуэм и 29-м къыдигъэкІа Указ №159-УГ-мкІэ къыщтащ

«Лэжьыгъэмрэ зыхъумэжьыныгъэмрэ сыхуэхьэзырщ» (ГТО) Урысейпсо физкультурэ-спорт комплексыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэкІэлъыкІуэу щыІэ зэІущІэхэм я къыззэгъэпэщакІуэ комитетым

ХЭТХЭР

Храмов К. К.- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ыр *(къыззэгъэпэщакІуэ комитетым и тхьэмадэщ)*

Фырэ Р. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэр *(къыззэгъэпэщакІуэ комитетым и тхьэмадэм и къуэдзэщ)*

АфІэунэ А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымкІэ и министрыр

Ахъуэхъу Къ. М. - Шэджэм муниципальнэ районым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Іэщын Ю. И. - «ДОСААФ» Урысейпсо жылагъуэ-къэрал зэгуэхьныгъэм и щІыпІэ къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и тхьэмадэр *(зэгурыІуауэ)*

Бирюк А. А. - Прохладнэ къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Васильев С. В. - къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэр *(зэгурыІуауэ)*

Говоров С. А. - Прохладнэ муниципальнэ районым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Джатэ Р. Хь. - Дзэлыкъэу муниципальнэ районым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Дроздов И. П. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ щІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІыр

Емуз Н. Гъу. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкіэ и министрыр

Кебеков В. С. - Лэскэн муниципальнэ районым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Кислицын А. Н. - Май муниципальнэ районым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Къуэдзокъуэ М. М. - Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Куэщей А. Д. - Аруан муниципальнэ районым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Къудей А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэр

Къумахуэ М. Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ и министрыр

Малкаров А. А. - Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Мишкова И. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэр

Муртазов Б. С. - Шэрэдж муниципальнэ районым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Мусуков А. Т1. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министрыр

Пэнагуэ М. А. - Тэрч муниципальнэ районым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Сыжажэ Хь. Л. - Бахъсэн муниципальнэ районым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Тутыкъу А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министрыр

Тюбеев А. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министрыр

Хьэщпакъ С. Хь. - Бахъсэн къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэр *(зэгурыІуауэ)*

Шэт И. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узынщагъэр хъумэныжьмкІэ и министрыр

Ахъуэхъу А. Къ. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр фІэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Республикэм и щэнхабзэмрэ гъуэздзэмрэ зегъэужьыным куэд зэрыхищІыкІыжьам папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр фІэщын **Ахъуэхъу Ася Къаплъэн и пхъум** - Налшык къалэм и «Гимназие №4» муниципальнэ кІэзонэ еджапІэм и художественно-эстетикэ центрым и къудамэм и методистым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм бадзэуэгъуэм и 29-м
№163-УГ

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ корпупсэм пэщІэтыным теухуауэ пІащІэгъуэкІэ цІыхухэр здэпсалъэ хъун телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32**.

■ ХъыбарыщІэхэр ■ Литературэ

КЪЭБЭРДЕЙ

■ Пшыхьхэр ■ Малъхъэдис

● Зэіущіэхэр

Нэхъ ткІийуэ кІэлъоплъ

КъБР-м Хьэрычэтыщіэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкІэ и министрым и къудзэ Шэт МэчрэІил, «Урысейм и щІэгъэкъуэн» жылагъуэ зэщІэхъееныгъэм и щІыналъэ хьадамэм и ухуэным и къудзэ Щэуей Альберт, республикэм финансхэмкІэ и министрым и къудзэ Іэхъуэбэч Щамил, КъБР-м Хьэрычэтыщіэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкІэ и уполномоченнэм деж щыІэ Жылагъуэ, Эксперт советхэм щыщхэу Гуэбэщыкі Жантемыр, Щэуей Артур, Атмурзаев Рашид, Прохладнэ, Шэрдж щІыналъэхэм я жылагъуэ бизнес-омбудсменхэу Абазэхэ МуІэзинрэ Чочаев Русланрэ.

Зэіущіэм щагъэбелджылаш ди экономикэм дежкІэ нэхъ мыхьэнэ зиІэ мэкъумэш Іэнатіэхэр федеральнэ бюджетым субсидие зыхухих къэрал программэхэм зэрыхэт щыкІэр егъэфІэкІуэнымкІэ хэкІыпІэхэр. Мылъкур зратыр хэтми наІуэу ятегущыІэным, ар фейдэ пылъу къэгъэсэбэпным пыщІа Іуэхугъуэхэми хэпІыащ зэхуэсахэр.

2013 - 2020 гъэхэм мэкъумэш Іэнатіэм зегъэужьыным, мэкъумэшхэкІхэм, ерыскъыпхъэхэм я щэкІэ хуэунэ зэкІэлъыгъэкІуэным тещІыхьа Къэрал программэм зэрыщыубзыхуэм тету, республикэм и мэкъумэш Іэнатіэм и лэжьыгъэр яунэтІ. Программэмэхэм хьыхъ Іуэхугъуэхэр гъэззэщІэным федеральнэ, республикэ бюджетхэм щыгъуэ сом мелард 1,7-рэ нэгъабэ хухахащ. Унэтіныгъэ 21-мкІэ зи тхылъэр зыта щІыуэ 21629-м къэралым защІэгъэкъащ. Мы гъэм апхуэдэ унэтіныгъэхэм я бжыгъэр ягъэмэщІащ. Къапщтэмэ, фермер щІэзыдзагъащІэхэм защІэгъэкъуэным теухуар къыщыхах зэпеуэм пхыкІакъым.

УФ-м Мэкъумэш Іэнатіэмкі и министерствэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэмрэ зэращІылІа зэгурыІуэныгъэхэр ипкъ иткІэ, федеральнэ бюджетым и мылъкуу сом мелуан 816,5-рэ субсидие щІыкІэу унэтІныгъэ 17-м мы гъэм хухахынущ. Абы щыщу сом мелуан 39,7-р, «2014 - 2017 гъэхэм, апхуэдэу 2020 гъэ пщІондэ кІуажэ щІыпІэхэм зэпІэзэрыту зэрызаужьныр» федеральнэ программэ хэхам тету, къуажэдэсхэм я псэупІэхэр егъэфІэкІуэным халъхьэнущ.

Мы гъэм и ипэ мазихьи къриубыдзу къэралым мылъку зыхилъхьэ унэтІныгъэу бгъым тещІыхьаурэ, сом мелуан 234-м щІигъу мэкъумэшыщІэхэм иратащ. Абы хохьэ Іэщ гъэхъуныкрэ мэкъумэш щІэнымрэ зегъэужьныным, ерыскъыпхъэхэм елэжьыным, ахэр щэным къыщагъэсэбэпа щІыхьэм щхьэщыткІэм пагъэкІуэжам щыщ Іыхьэхэрри.

Къэралыр зыдэлэпкъу Іэнатіэхэр ягъэмэщІами, нэгъабэ къаІэрыхьэуэ щытам хуэдиз мылъку федеральнэ бюджетым и хьэкъкІэ мы гъэми зэщІагъэуІуэну я мурадщ. Псалъэм папщІэ, жэм гъэшыфІэхэм, І́ышъуэ зыщІ Іэщ Іэвыщ Іэм зегъэужьныным теухуари хэту, сом мелуани 156-рэ федеральнэ бюджетым къыхэзыІахыну тхыльхэр (заявкэхэр) УФ-м Мэкъумэш Іэнатіэмкі и министерствэм иратащ.

Къыщыхэмыщ Іауэ, мелиорацэм зэрызиужьыну программэр зыгъэзэщІэнухэм я зэпеуэ екІуэкІащ. Иджы а Іуэхум сом мелуан 50 щхьэхуэу яхухэлъхьэнущ.

КъБР-м финансхэмкІэ и министрым и къудзэ Іэхъуэбэч Щамил зэрыжиІамкІэ, тхылъэр зэратым тещІыхьауэ, АПК-м и Іэнатіэхэм ящыщу къэралыр зыдэлэпкъу унэтІныгъэхэм республикэ бюджетым и мылъку хухах.

Зэіущіэм къыщыхагъэщащ къэралым ярит мылъкур пэжу, закъуагъэ хэлъу, псори щыгъуазэу ятегущыІэным, фейдэ пылъу къэгъэсэбэпным, мэкъумэш Іэнатіэм зегъэужьныным хуэунэтІауэ къыхалъхьэ Іуэхугъуэхэр пхыгъэкІыным гугъуэхь щхьэхуэхэр зэрыхалъыр икІи ахэр къызэнэкІнынымкІэ щыІэ хэкІыпІэхэр ягъэнэІуащ.

КъБР-м Хьэрычэтыщіэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкІэ и уполномоченнэ Тау Пщыкъан къыхилъхьэри, зэхьыхьэм щызэгурыІуащ АПК-м и Іэнатіэм хьэрычэт лэжьыгъэ щезыгъэкІуэкІэхэм ящыщу зыдэлэпкъунэхр щагъэбелджылы зэпеуэхэм дяпэкІэ нэхъ ткІийуэ кІэлъыплъынущ, хухах мылъкур къызэрагъэсэбэп щІыкІэр къэзыпщытэну гуп къызэрагъэпэщІащ.

БИЩІО Майе,
КъБР-м Хьэрычэтыщіэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкІэ и уполномоченнэм и пресс-Іуэхущ Іапіэм и лэжьакІуэ.

● Сытхэр уи псэукІэ, къуажэ?

Тхыдэкіэ къулейщ

Шэджэм районым хыхьэ Лашынкъей къуажэм тхыдэшхуэ къыдокІуэкІ. Къуажэм ящэ зэрыджэу щытар Тохъутэмыщейщ. Тохъутэмыщ Анзор и унагъуэщІэм къытекІауэ.

ТОХЪУТЭМЫЩ ХЭ пщыуэ щытакъым, Хьэтіохъущокъуэхэ я уэркъ пщы гъусэу арат. Хьэтіохъущокъуэ Кургъуокъуэ Тохъутэмыщ Мыхьэмэтмырзэ жылагъуэ ихуэную хуиту щІы кІапэ къритри, къызыхигъэкІауэ щытащ. Тохъутэмыщхэ яуха жылэм Тыжьхэ дэст. Ахэри уэркъ пщы гъусэу щытащ. Нобэ Кьыщлэчкіэ дызэджэ щІыпІэм Тохъутэмыщ и жылэр иджыри дэсу Тыжьхэрэ Тохъутэмыщхэрэ я зэхуакъу псалъэмакъ къыщыдхъуащ. Псалъэмакъыр ин щыхъум, лъэпкъитІыр зэхэкІын хуей хъуащ.

Хьэтіохъущокъуэм Тыжьхэ пщыгъэр яритри, Кьыщлэчкіэ нобэ дызэджэ щІыпІэм жылагъуэу щигъэтІысат. Арати, Тохъутэмыщхэ я щІыпІэм куэдрэ зыщагъэжьакъым, нэхъ ищхьэрэІуэхэ екІуэтхэхэри, жылэу тІысащ. Нэхъ ижьыкІэ Тохъутэмыщхэ ящыщ зы щІалэ, Анзоркіэ еджэу, нобэ Лашынкъей къуажэр здэщысым жылагъуэ щиухуащ. Ар тохуэ 1842 гъэм.

Къуажэм мы зэманым зэрихьэ фІэщыгъэр, тхыдэм къызэрыхэщыжьымкІэ, щІыуэпсыр хьуэным теухуауэ лэжьыгъэшхуэ ирагъэкІуэкІ.

- Сыт и лъэныкъуэкІи къуажэр нэхъ къабзэ зэрыхъуным иужь дитщ. Къуажэм машинэ дэтщ пхъэнкІий къыхиущ, ар абы хуэхаха щІыпІэм ишэу. ПхъэнкІий идзыпІэри дгъэхьэбзащ, гъэзгу тэмэм екІуалІэуи тщІащ.

Адэкіэ Іэтащхьэм щыгъуазэ дищІащ къуажэр иджыпсту зыгъэпІейтей, нэхъ зыхуэныкъуэ Іуэхугъуэхэм.

- Ди жагъуэ зэрыхъущи, гъэмахуэр къыззрихьэрэ къуажэм тэмэму псыр яхуирыкуэрыным. 2008 гъэм псынэщІэ къыхэдгъэхъуащ, итІани псоми псыр яльэІэсыркъым. Абы къыхэкІкІэ пІалъэ тщІауэ чэзууэрэ псыр ядот.

Лашынкъей къуажэм щІыуэ щІэрыІуэ куэд къыдэкІащ. Абыхэм ящыщу и цІэ къиІуапхъэщ Хэку зауэшхуэм лІыгъэ щІызезыхьа, Совет Союзым и Пыхьужь Къуэныкъуэй Назир. 1966 гъэм абы и фэеплъ къуажэм щагъэуващ. Апхуэдэ щІыуэ пажэхэм къуажэм и пщІэр яІэт, и цІэр фІыкІэ ягъэІу.

МАМРЭШ Мадинэ.

● Пшыхьхэр

Къалэнышхуэ ягъэзащІэ

Налшык дэт киноконцерт гъэлъэгъуапІэм сатум и лэжьакІуэхэм я махуэр Іуатауэ щагъэлъэпІащ иджыблагъэ. Абы теухуауэ зэІущІэм зэхуишэгъэ а Іэщ Іагъэм пыщІа Іуэхущ Іапі э псоми я ныкІуэхэр. «Сатуущ Іхэм я зэгухьэныгъэ» организацэм и профсоюзым и Къэбэрдей-Балъкъэр рескомымрэ Дунейпсо арт комитетым и щІыналъэ къудамэмрэ къыззрагъэпэща пшыхь дахэм кърихьэлІахэм я нэхъыбэр куэд щІауэ я Іэнатіэм зэрытщ, сату Іуэхум хуэІэкІуэльъакІуэщ.

ДЫЗЭРЫЩІГЪУАЗЭЩІ, экономикэм дежкІэ сатум дапщэщи къалэнышхуэ егъэзащІэ. Урысейм щІэ зэпыщІэныгъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым жыджэру зрегъэжьа. Апхуэдэ щІыналъэ зэхуаку зэхущытыкІэ зэгурыІуэныгъэхэр къэралым и щІыпІэ 20-м щІигъум ярищІыпІащ. Ахэр игъэзэщІэн папщІэ, сату-экономикэ ІуэхуэхэмкІэ и хэщІапІэхэр 2006 гъэ лъандэрэ Урысейм и щІыналъэхэм къыщызэІуех.

Сатум, шхапІэхэм, потребкооперацэм я лэжьакІуэхэм я профсоюзым «Сатуущ Іхэм я зэгухьэныгъэ» къызэрагъэпэщам и унафэщІ Бекъалды Маритэ къызэрыджИамкІэ, профсоюзым хэтхэм, сатуущ Іхэм я хуитыныгъэхэмрэ я сэбэп зыхэлъхэмрэ хъумэным, лэжьыгъэмкІэ зэхущытыкІэхэр захуагъэ хэлъу унэтІныным, потребительскэ рынокым зегъэужьныным гулъытэ хуащІ.

Къэббалъкъстатым къита бжыгъэхэм ятепщІыхьмэ, республикэм рознищэ сатум зыщІежь. Мы гъэм и ипэ мазихым сом мелард 42-рэ мелуан 359-рэ и уасэ а щІыкІэм тету Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэблагъэкІащ. Ар нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытагъэ порыпТ, щІэпІ́ыкІ́ыу́ ящІ́ыкІ́ыу́ мэхъу. ШхапІэхэм сом мелард 1,4-рэ и уасэ Іэхэхтхьэзэ щызэфІагъэкІащ. Хьэпшыпхэмрэ ерыскъыхэкІхэмрэ зэуІуу зыщІэхэм сом мелардри 10,2-рэ и уасэ сату ящІащ. Абы щыщу мелардри 7,7-р хъэрычэтыщІэ Іэхэчущ Іапі э щІыкІуэхэм хуоэз. Рознищэ сатум щІыкІу 2700-рэ хэтщ, хьэпшыпхэмрэ шхыныгъэхэмрэ зэуІуу зыщІэхэр 2100-рэ мэхъу. Сатуущ Іхэми абыхэм я профсоюзым хыхьэхэми я бжыгъэм хохьэу. Мы зэманым ахэр щІыкІу минитхэм ноблагъэ.

Зэіущіэр фІэхъус гуапэкІэ къызэІуаха нэужь, КъБР-м промышленностымрэ сатумкІэ и министрым и къудзэ Жарашуев Алим я махуэ Іьапі эмкІэ зэхуэсахэм ехъуэхъащ, я Іэнатіэм зэрызрагъэужьным, республикэм и экономикэм хуащІ хэлъхьэныгъэм папщІэ фІыщІэ яхуищІащ.

- Жылагъуэм и зыужьныныгъэр щІыхуэхэм я зэфІэкІым ельытащ. А пщалъэмкІэ убгъэдыхьэмэ, сатум и лэжьакІуэхэм дапщэщи къалэнышхуэ дыдэ ягъэзащІэ, илъэс къэс я зэфІэкІым хагъэхьуэ, я Іуэхутхьэбзэкэр ирагъэфІакІуэ. Нобэ дэ диІэщ сатумрэ бззэрэм я лэжьыгъэмрэ зыубзыху хабзэ. Иужьрей зэманым а Іэнатіэм нэрылъагъуу заубгъу, ерыскъыпхэ мэкъумэшхэкІхэмрэ щащІ, ветеринар-санитар экспертизэхэмкІэ лабораторэхэр мэлажьэ. ЕрыскъыхэкІхэр щызэрахьэ щІыпІэ псоми ахэр къыщызэІутхыну ди мурадщ. Ди къалэн нэхъыщхьэр сату Іуэхур щІыпІэхэм тэмэму щызэтегъэуІуэнраци, дегугъумэ, ар зэрытхузэфІэкІынум шэч хэлъкъым, - къыхигъэщащ къэпсэльъан икІи я министерствэм и ЩІыхь тхылъыр, нэгъуэщІ зэрагъэпажэ дамыгъэхэр статуущ пашэхэм яритащ.

Зэхуэсахэм псалъэ гуапэкІэ захуигъэзащ республикэм и профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ Амщыкъуэ ФатІимэт.

- Ныбжьэгъу лъапІэхэ! Къэбэрдей-Балъкъэрым и Профсоюзхэм я федерацэм къыбгъэдэкІыу фи махуэмкІэ сынывохъуэхъу. ДызэрыщІыгъуаэзэщи, сатум и лэжьакІуэхэм сыт хуэдэ зэманми къалэнышхуэ ягъэзащІэ, экономикэм зрагъэужь. Фи Іэнатіэм щІыхьэхэр къызэщІебыдэри, нэхъри фызэкъуэузэну, хьэрхуэрыгъэр и лъабжьэу фи зэфІэкІым адэкІи хэвгъахьэну си гуапэщ. Профсоюзхэмэ я къалэныр фи сэбэп зыхэлъхэмрэ фи хуитныгъэхэмрэ яхъумэнращи, дяпэкІи я Іуэхур къэдмыгъэтІэсхэну фыкъыдогъэгугъэ, - жиІащ ФатІимэт икІи, зэрытрахухуам тету, я зэгухьэныгъэм къыбгъэдэкІыу лэжьыгъэм щІэпІ́ырытхэр игъэпажащ.

Зэхуэсахэм апхуэдэ хъуэхъукІэ захуигъэзащ Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и япэ къуэдзэ Тонконог Анатолэ. Абы къыхигъэщащ сатур республикэм и щІыхьэрэм и экономикэм и Іыхьэ нэхъыщхьэхэм, я мылъку къыхэкІыпІэхэм зэращыщІыр, а Іэнатіэм и зыужьныкІэм я зэІуэпэщІыгъэр куэдкІэ зэрелъытар. Я махуэмкІэ ехъуэхъури, сатуущ Іапшэхэм, нэхъ зэфІэкІ зиІэхэм абыи щІыхь тхылъхэмрэ саугъэтхэмрэ яритащ.

Апхуэдэу зэІущІэм хэтхэм гуапэу захуигъэзащ сатум, шхапІэхэм, потребкооперацэм я лэжьакІуэхэм я профсоюзым и «Сатуущ Іхэм я зэгухьэныгъэ» организацэм и унафэщІ Бекъалды Маритэ икІи лэжьыгъэм къыхжаныкІахэм тыгъэхэр яхуищІащ. Дунейпсо арт комитетым и щІыналъэ къудамэм и тхьамадэ Бейтыгъуэн Іуэеси зэхуэсахэр игъэгушуащ, зыхуагъэфэщахэм фІыщІэ тхылъхэр яритыжащ.

СыхьэтитІрэ ныкъуэкІэ къуажэм пшыхьыр ди республикэм и къэфакІуэхэмрэ уэрэдыкІакІуэхэмрэ ягъэбжьыфІащ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Сурэтхэр **Мамий Руслан** *трихащ.*

● Коллегиехэр

Бжыгъэхэм сыт къаІуатэр?

Урысейм Къуэншэхэм тралъхьа тезырхэр егъэпшынымкІэ и федеральнэ къулыкъум и управленэу КъБР-м щыІэм и коллегием блэкІа мазихым я лэжьыгъэм къырикІуахэм щыхэплъэжащ, 2014 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм ящІэну къапэщытыр щаубзыхуащ. Ар езыгъэкІуэкІа Іуэхущ Іапі эм и унафэщІ, къэрал кІуэцІ къулыкъум и полковник Мэржэхъу Мухьэмэд къыхигъэщащ тезырхэр щрагъэпшын Іуэхущ Іапі эхэр, следственнэ изоляторыр, уголовнэ-гъэззэщІакІуэ инспекцэр я къалэнхэм зэрехьуІар.

- ИУЖЬРЕЙ илъэсиблым КъБР-м щыІэ УИС-м и Іуэхущ Іапі эхэм щаІыгъхэм гъэ къэс ику иту проценти 8,1-рэ хэщІащ. Иджыпсту а бжыгъэр 2094-рэ мэхъу. Абыхэм ящыщу 995-р ящІэу щІэпхъаджагъэ хьэлъэхэр зэралажьам къыхэкІыу ягъэтІысахэрщ. ЗэхуэдитІым нэблагъэм нэхъапэми суд тращІыхьауэ щытащ, 766-р иджы япэу лъэхъэщым мыкІуэ, - къиГъэльэгъуащ Мэржэхъу.

Республикэм щыІэ адрей къаурзехьэ Іэнатіэхэм хуаІэ пыщІэныгъэхэми къытеуІуащ Мэржэхъу. ФСБ-м, ФСКН-м, УФ-м и МВД-м и управленэ нэхъыщхьэу КИФШІ-м щыІэм ящІыгъуу лэжьыгъэшхуэ зэфІахащ. Ялэжьыну ягъэхьэзыр щІэпхъаджагъэхэр абы и фІыгъэкІэ сэтей къащІащ, хабзэм къемызэгъыу ящэ, къагъэсэбэп наркотикхэр, Іэщэхэр, Іэщэ Іэмэпсымэхэр, къагъуэу пкъыгъуэхэр къытрахащ.

Мыпхуэдэ бжыгъэхэри щыжаІащ зэІущІэм: хуит ямыщІ хьэпшыпхэр тутнакъэхэри щызІэрагъэхьэм е иратыну зэрыхэтам къыхэкІыу цІыху 65-рэ яубудати, абыхэм ящыщу 36-р административэ, 13-р уголовнэ жэуапым ирагъэІащ, сом мини 714-рэ ирагъэпшынащ.

Тезырыр зыпшынэкІ лэжьыгъэкІэ къызэрагъэпэщыным, ахэр хуит хьужа нэужь гъащІэм хэгъэзэгъэжьыным мыхьэнэшхуэ иІэщ. УФСИН-м и Іэщ ягъэтІысахэр Іэщ Іагъэ зэмылІэужьыгъуэу 26-м щыхуагъэхьэзэр лъэщапІэхэр, еджапІэхэр. Продукцэу къыщІагъэкІыр сом мелуан 36-м щхьэдэхащ (ар къалэным нэхъри куэдкІэ нэхъыбэщ).

Екъулэныгъэу къалъытэ ягъэтІысахэм медицинэ хуэІухуэщІэу ягъуэтыр зэрефІэкІуар. Сымаджэ хуэхуэ процент 27-кІэ, жьэн узыфэ къызэуалІэхэр процент 36-кІэ нэхъ мащІэ хъуащ.

Мэржэхъу Мухьэмэд къызэрыхигъэщамкІэ, республикэм къэрал кІуэцІ ІуэхуэмкІэ и Іэнатіэхэм ящыгъуу ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэм и фІыгъэкІэ щІэпхъаджагъэ ялэжьыным процентри 2,6-кІэ ехащ.

КъБР-м и прокурорым и япэ къуэдзэ **Жеккеев Алахьберды**, ЦІыхуэхэм я хуитныгъэхэр хъумэнымкІэ уполномоченнэу КъБР-м щыІэм и аппаратым хэт **Таукенов Мустэфа**, КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм щынагъуэнщагъэм, хабзэмрэ коррупцэм пэщІэтын Іуэхуэхмкіэ и управленэм и унафэщІ **Шевченко Юрий**, жылагъуэ кІэлъыплъакІуэ комиссэу КъБР-м щыІэм и тхьэмадэ **Эндреев Мэгъэзалий** сымэ УФСИН-м и Іэщ ящІэм и ехъулІэныгъэхэм, нэхъри я Іуэху ирагъэфІэкІуэну яужь зэритым гу лъатащ.

УАРДЭ Жан.

Сурэтыр **Холлаевэ Любэ** *трихащ.*

Куэншыб идзыпІэхэр къахухь

ЩІыналъэ администрацэм къищта унафэм ипкъ иткІэ, Бахъсэн районым и жылагъуэхэм щыІэ куэншыб идзыпІэхэр щІытІ лъагэхэмкІэ къращІэкІ. КъызэралъытэмкІэ, абы и фІыщІэкІэ кІэрыхубжьэрыухэр жьым зэбгрихыркъым, икъухьа хъуркъым.

ЩІЫНАЛЪЭ администрацэм и Іэтащхьэ Сыжажэ Къьхьэн къызэрыджИамкІэ, иджыблагъэ апхуэдэ щІытІкІэ къащІыхьащ Куба къуажэм и куэншыб идзыпІэр. Адрей жылагъуэхэм кІэрыхубжьэрыухэр щрадз щІыпІэхэри зы мазэм къриубыдэу зыхуэй хуагъэззэну я мурадщ.

Къэгъэльэгъуапхъэщ щІыналъэм и жылагъуэ псоми къедза щІыпІэкэр гъэкъэбзэным иужьрей зэманым гулъытэ хэха зэрыхуащІыр. Абы и фІыщІэкІэ дызэрыт илъэсым къриубыдэу гектари 150-м щІигъум кІэрыхубжьэрыухэр щызэщІакъуащ.

АБАЗЭ Лерэ.

Газ хьэкуэр дауэ къэвгъэсэбэпрэ?

Урысейм и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэм ирагъэкІуэкІа къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэльагъуэмкІэ, уэнжакъэр зиІэ хъэкуу газкІэ ягъэплъэхэр къэзыгъэсэбэпхэр зэрымысакъым къыхэкІыу щІымахуэ кІуам къриубыдэу газым и Іугъуэм (угарнэ газым) и зэран республикэм щыщу цІыху 20-м екІащ, абыхэм ящыщу 5-р къахуегъэлакъым. Апхуэдэ щІэщхъуэхэр зэкІар хьэкуэхэм я уэнжакъэхэр тэмэму зэрызэтрамылъхьарщ, ахэр зыхуэй хуэзэу зэрызэрамыхьэрщ, хьэкуэхэм я щытыкІэр и зэманым къызэрамыпщытэрщ.

АБЫ КЪЫХЭКІЫУ УФ-м и Правительствэм 2013 гъэм накъыгъэм и 14-м къыдигъэкІа унафэм къыщыгъэлъагъуащ газ хьэкуэхэмрэ газкІэ ягъэплъ нэгъуэщІ Іэмэпсымэу уна кІуэцІхэм къыщагъэсэбэпхэмрэ и Іуэсым щэ нэхъ́рэ́ мынэхъ́ мащІэр́ къапщытэн зэрызуейр. Абы ипкъ иткІэ, дяпэкІэ газ хьэкуэм я щытыкІэм кІэлъыплъынущ Урысейм и МЧС-м зыхуэфащэ лицензэхэр зрита Іуэхущ Іапі э хэхахэр.

(Сэмэгумкіэ къыщыщІэдзауэ) **шашкэ джэгухэмкІэ ЮФО, СКФО-хэм я федерацэм и унафэщІ Александин Сергей, Балъкъыз Батий, МафІэдз Анатолэ, Гуменко Григорий, зэхьэзэхуэм и судья нэхъыщхьэ Гиль Виталий сымэ.**

● Спорт

Бжьыпэр яубыд

Мы махуэхэм Новочеркасск щекІуэкІащ Урысейм и Ипщэ лъэныкъуэмрэ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэмрэ шашкэхэмкІэ я зэхьэзэхуэ.

АБЫ Я ЗЭФІЭКІ щагъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым икІа спортсменхэми. Гупым я пашэ, Налшык къалэ администрацэм и къудамэхэм ящыщ зым и унафэщІым и къудзэ Балъкъыз Батий къызэрытхутепсэлъыхьыжамкІэ, турнирыр сыт и лъэныкъуэкІи зэпэщу ирагъэкІуэкІащ.

Зэпеуэр нэхъ зытегъэщІауэ щыта «шашкэ псынщІэрыджэгум», зэрыхабзэщи, хухахыр дакъикъи 5 къудейщ. А зэман кІэщІым къриубыдэу дэтхэнэ зыми игъэлъэгъуэн хуейщ бгъэдалъ зэфІэкІымрэ зыми емыцыху кІыгъэсэбэп Іэмалхэмрэ. Абы къыхэкІыу «быстрые шашки» джэгукІэм къигъэув мардэхэм пэлъэщыр закъуэтІакъуэхэщ. Аращ абы бжьыпэр щызыубыда ди щІалэхэм фІыщІэ лей щІахуэфащэр.

«Мы спорт пІэужьыгъуэмкІэ нобэм къэс зэпеуэ псоми щытекІуэу щытар Ростов областымрэ Осетие Ищхьэрэ-Аланиемрэ я шашистхэрт. Иджы дэ тхуэзэфІэкІащ бжьыпэр дубыдыну», - жеІэ Балъкъыз. Турнирым Батий и гъусэу хэтащ ди республикэм фІыуэ къыщащІыху спортсмен Іэзэхэу МафІэдз Анатолэрэ Гуменюк Григорийрэ. Мыхэр команд зэхъэзэхуэмкІи чемпион хъуащ.

Щхьэзакъуэ зэпеуэм МафІэдзым етІуанэ уэвпІэр щиубыдащ, Гуменюк - ещанэр, Балъкъыз - еплІанэр я къхьащ. Кавказ Ищхьэрэ щІыналъэм япэ уэвпІэр МафІэдзым, етІуанэр - Гуменюк, ещанэр - Балъкъыз щыщ къхьащ. КъыхэзгъэщІапхъэщ, турнирым саугъэт лъапІэу хуагъэхьэзыра псори Къэбэрдей-Балъкъэрым икІахэм кІаэзэрыльысар. Апхуэдэу ди щІалэхэм щІыхь тхылъи 5-6 зыхуамыгъэфэща къахэкІащ.

Балъкъыз ыным гукъанэ тІэкІри хэлъу игу къьегъэкІыж, зэман и пэкІэ ди республикэм щекІуэкІауэ щыта зэхьэзэхуэм мыхэр щытекІуа пэтми, езыхэр зыпэплъа гулъытэ зэрамыгъуэтар.

«Е мыхъу фІы ИМ хъужыркъым. Иджы псом я дежкІи нэрылъагъуу мы зэхьэзэхуэм бжьыпэр щыдубыдащ», - жеІэ абы.

ЛЪОСТЭН Музэ.

ІэмащІэлъэмащІэщ, жьпІэу утемыгушхуэ

Гъуэгу полицейхэр я лэжьыгъэм пэлъэщыныкІэ мыхьэнэшхуэ яІэщ физкультурэмрэ спортымрэ, КъБР-м щыІэ МВД-м и Гъуэгу-ІуэхущІэхэм а Іуэхуэмкіэ ядолажьэ Бэрэздж Светланэ.

ГЪУЭГУМ щызекІуэхэмрэ зи къалэныр зыгъэзащІэ полицейхэмрэ яку зэгурымІыуэныгъэ къыщыдэхъуэ куэдрэщ. Араци, къэрал автоинспекторхэр я Іэпкъ-лъэпкъкІэпсыхьауэ, сыт и лъэныкъуэкІи Іуэхум хуэхьэзыру щытыпхъэщ.

Гъуэгу полицейхэр, Іэмалышхэ хъумэ, бэнэфу зыгъасэр, я Іэпкъ-лъэпкъыр псыхьыныкІэ ядолажьэр ДПС-м и батальон щхьэхуэм и инструктор Бэрэздж Светланэщ.

Дерсым щІидзэу, ар татамим къытехьа иужькІэ, и Іэщ Іагъэм зэрыхуэІэкІуэльъакІуэм шэч къытетпхъэркъым. Спортым дихьэх и лэжьэгъуэху тренировкхэм къакІуэхэм гуапэу и зэфІэкІхэмкІэ ядогуашэ.

Урысей, дунейпсо зэхьэзэхуэхэм мызэ-мытІэу текІуэныгъэ къыщызыхьа, комплексна единоборствэмкІэ Урысеим, дуней псом я чемпион Бэрэздж Светланэ иджыблагъэ, Урысей Федерацэм спортымкІэ и министрым и унафэкІэ комплексна единоборствэмкІэ Урысеим спортымкІэ и мастер цІэр къыфІащащ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жанэс.

Шынагъуэншагъэм къыхураджэ

КъБР-м щыІэ МВД-м и ГИБДД-м и лэжьакІуэхэм «Сабий гъуэгум тетщ» Іуэхугъуэр республикэм и щІыпІэ псоми щрагъэкІуэкІащ.

ЛЪЭСУ, лъакъуэрыгъажэм тесу гъуэгум къытехьэ сабийхэм, ахэр машинэкІэ къезышэкІхэм административнэ хабзэр зэрагъэзащІэр республикэм сыхьэти 5-м къриубыдэу къыщащпщытащ.

Полицейхэм фІыщІэ хуащІащ гъуэгум хабзэр щызыгъэзащІэхэм, зи сабийхэм я шынагъуэншагъэм кІэлъыплъхэм. Хабзэр уэим зыщІэкІ административнэ жэуапым ирашэлІащ, ящІийуэ ятІупщыжахэри мащІэкІэщ.

Сабийр гъуэгум зэрытетынкІэ куэдкІэ елъытащ адэ-анэхэм, нэгъуэщІ балигъхэм ядилъагъу щапхъэм. Абы къыхэкІыу адэ-анэхэм ягъэзэщІапхъэщ гъуэгум зэрыщызекІуапхъэм ехьэлІауэ щыІэ хабзэхэр.

Гъуэгу зэпрыкІыпІэхэм лъаІуэу тет сабийхэм я Іуэхури а махуэм хьаІэтащ. Республикэм и щыхьэрым и гъуэгу зэпрыкІыпІэхэм ахъшэ къыщыкІэзых сабийхэм я Іуэхур зытетыр зэхэгъэкІыным иужь итащ ГИБДД-м и стажёркэмрэ щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэмрэ. Абыхэм зи гугъу тщІа сабийхэр балигъ мыхъуахэм я Іуэхуэхмкіэ полицейхэм Іэрагъэхьащ административнэ жэуапым ешэлІапхъэхэр зэхагъэкІын папщІэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Къэжэр усыгъэм и Іэужьыр махуэ хъуну

Къэбэрдей усыгъэм ныбжьыыкъуэ иІэкъым — иІъэсищэм зыкъомкІэ щІигъу гъэзугаиэщ къикІуар, ауэ, апхуэдэу щытми, зэман кІэщІым кІуубыдэу абы екъуІэныгъэ тельыджэхэр зыІэригъэхьащ. А иІэхэм абы зэригъэпэщащ усыгъэм и пкъыгъуэ псори - лирикэр, поэмэр, повестыр, усэкІэ тха романыр, щызэфІэуващ усэ гъэпсыкІэщІэ силлабо-тоникэр, абы и фІыгъэкІи кІигъэсбэпу хуежьащ жьпхъэ зэхуэмыдэхэр, строфа зэмылІэужьыгъуэхэр, кІэух рифмэр, усэ хужь, хуит, щхьэхуиткІэ зэджэхэр, абы зыужьныгъэ пэщыщІэу щагъэтащ пасэм зыщымыгъуазэу щыта сонетым, балладэм. Пьэлъкъ усыгъэм зэрызиужьар зи фІыщІэр, зыщылъагъупхъэр абы и лъабжьэр зыгъэтІылъахэрщ, зи гуГъуехьрэ зи псэрэ емыблэжу абы хуэлэжьа усакІуэ акъылыфІэхэрщ. Пасэу абыхэм къагурыІуащ ялэ лъэбакъуэхэр зычу щІэзыдза я литературэм лъабжьэ хуэхъунур къызыхэкІа и лъэпкъым зэригъэпэща художественэ хъугъуэфІыгъуэхэм зэрамызакъуэр, абы Іэмал имыІэу дэІэпыкъуэгъу, щІэгъэкъуэн ищІын зэрыкъуэр дунейпсо литературэм и екъулІэныгъэ гъунапкъэншэхэри. Пьэлъкъыу дунейм тет псори щІэныгъэм, тхылъым, телевиденэм, Интернетым быдэу щызэпищІа ди лъэхъэнэм, дэтхэнэ зы лъэпкъым и къэхутэныгъэри дэнэ щІыпІи занщІэу, псынщІэу нос, ягу ирихьмэ, нэгъуэщІэкъэми ар къащтэ, къагъэсэбэпу щІадзэ, абы и фІыгъэкІи лъэпкъэр нэхъ зэрыщІэ, зэпэгъунэгъу мэхъу, абыхэм я зэхэщІыкІым заІэт, я къулеигъэм хохъуэ.

Тхьэзэплъ Хьэсэн

Пасэм лъэпкъ усакІуэхэм ирахьжьа а Іуэху щхьэпэр, иужь зэманхэм тІэкІу нэхъ ужьыхами, ноби къызэрызэттемыуВыІам, иджырей къэбэрдей усыгъэми абы зэрыпищэм я щапхъэ гъунэжу кІыпхуэгъуэтынущ. Ар нэхъ егъэбелджылы иужьрей илъэс зыбгъупщым КъуэкІыпІэ усыгъэм зэман жьыжьэкъм нэхъ ехьажьауэ кІигъэсэбэпу щыта рубаир къэгъэщІэрэщІэжьыным теухауэ Тхьэзэплъ Хьэсэн (Хьэсэни) иригъэкІуэкІ творческэ лэжьыгъэм. Иджыри къыздэсым усакІуэм и рубаихэр зэритхыу щытар урысыбзэщ, ахэр куэд щІауэ газетхэм, журналхэм ЩхьтохуэІ, минрэ щитПым нэблагъэ «Караванщик» зи фІэщыгъэ тхылъым иту ахэр щхьэжуэу къыздэкІащ, прессэми псалъэ гуапэ абыхэм щыхужаІащ. Иужь дыдэ лъэхъэнэхэм усакІуэр, тегушхуэри, рубаир къэбэрдей усыгъэми иригъэззгъэну яужь ихьащ, адыгэбзэкІэ тхуэ абы и Іэдакъэ къыщІэкІащ рубаи 200-м нэблагъэ. Дэ гу зэрылъыттамкІэ, урысыбзэкІэ къыздэкІаХэр адыгэбзэкІэ зэдзэкІыжауэ кІыпфІэщІыркъым, урысыбзэм щымыщу адыгэбзэкІэ тха зыбжанэ хэт щхьэкІэ. Тхьэзэплъым и тхыгъэхэм рубаим и гъэпсыкІэр и Іэдакъэщ ІэкІхэм хуэсакъыу щеХьумэ, ахэр сатыриплІу зэхэтщ, сатырищыр кІэух рифмэкІэ зэпхащ, ещанэр сытым щыгъуи рифмэншэщ. Рубаим и зэфІэкІыр къызэраІытэр абы щІэлъ гупсысэм и куууагъырщ, щэ, Іэщ Іэгъуэныгъэ къыщыІуэтам и пэжагъыщ. УсакІуэм жьІэну зыхэтыр языныкъуэкъэм къуэбыдыгъуэй, мыгурыІуэгъуащэ щьхъу ущрохьэлІэ мы тхыгъэхэм. Ар къызыхэкІыр адыгэбзэр дахэ, щІэщыгъуэ зыщІ бзэ ІэмалыфІхэм хьхьэ фразеологизмыр - зэкІщІэпч мыхъу псалъэ зэпхахэр - къызэригъэсэбэпырщ. И ухуэкІэкІи и мыхьэнэкІи зэпыщІауэ щьхъу щхьэкІэ зэкІщІэпч мыхъухэр, гупсысэм художественэ къару хэзыгъхьэ жьІэкІэхэм ящыщщ.

Апхуэдэ псалъэхэр нобэ щІыху къызэрыгъэкІхэм яІэпхуэж хуэдэу къуэщи, аращ мы усэхэм хэт гупсысэ гъэпсыкІэри, иІэ мыхьэнэри мыгурыІуэгъуащэ хуэдэу къыщІыпщигъэхьур. Ауэ апхуэдэ псалъэ зэгъусэхэр тхакІуэ нэхъ пажэхэм къагъэсэбэп, икІи я художественэ лэжьыгъэм къару хэзыльхьэ жьІэкІэхэм ящыщу къальытэ.

Бзэр умыгъэлажьэмэ, жьы мэхъу, шэрыуэу къзбгъэсэбэпмэ, къощІэрэщІэж. Ар фІыуэ къыщыгъэльэгъуащ 2001 гъэм «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм къыщыдэкІауэ щыта «Адыгэбзэ фразеологизмэм я псалъалъэ» тхылъым. Хьэсэни иужь итщ, адыгэбзэм и къулеигъэр къигъэсэбэпурэ, ди лъэхъэнэр зыхуэдэр сэтей къызэрищІыным.

Хьэсэни и рубаихэм урижэу укъеджэмэ, абыхэм ящІэлъ гупсысэр занщІэу къэубыдыгъуейщ. СатыриплІым къитІасэ гупсысэр щІагъыбзэм щыхуэкІуи, псалъэжь щыхьхьи къохьу, ар зыхэпщІэн щхьэкІэ, сатырхэр зэкІэлъыкІуэу зэрыухуэ щыкІэр, псалъэхэр зыр зым хуэхьауэ щІыщытым и мыхьэнэр зэпэщэчын хуейщ. Аращ рубаи усыгъэ кІэщІым и мыхьэнэр щІагъэльагэри, и тхыкІэкІи гугъуу къыщІальытэри.

Къэбэрдей усыгъэм ялэ лъабжьэхэр щызычу щІэзыдза рубаим пщдей и натІэ хуэунур зэхэгъэкІыгъуафІэкъым, ауэ Тхьэзэплъым ирихьэжьа Іуэхур ди усакІуэхэм яфІэкъабылу даІыгъмэ, ари, сонетым ещхьу, лъэ быдэкІэ лъэпкъ усыгъэм зэрыщыувым шэч хэлъкъым.

ХЬЭКІУАЩЭ Андрей,
филологие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик.

* * *

Гъэр ухъуауэ, зиусхьэным деж лей гуэр жыпІэнкІэ хъум,
Уэ зэгъащІэ, фІы плъагъункъым ущытами щыІэ токъум.
ФІы ухуейм, уи щхьэр гъэщхьи, ужьІэщІэ хуэдэу зыщІ,
Ари цІыхущ, пщы пагэ щхьэкІэ, Тхьэм хигъэми нобэ тхъум.

* * *

Аурэ, лъэпкъыр и щыуагъи, и гугъуехьи къыхохьукІ.
КІуэ АІэщІыгъуэм и бэлыхьым щыпсэхуну хуЛэмыкІ.
Ар, итІани, гукІэ пхъэру, уафэм епхъуэурэ йопІэстхъ,
Щыуэ хъуми къигъэзэжми, и пщдыкъым бжьыр дэмыкІ.

* * *

Си акъылыр си бзэгупэм сыту фІыт зэрумыхьар.
Армыхъуам, къызжьдэлъэтынти сыт гупсыси сигу кьихьар.
Псалъэр щабэми, жьэ куэдым къыщикІуухьмэ, мэхъу шэрэз,
Шэрэз хъуауи къыщикІуухьІэ, хэт ищІэн а кьикІуухьар.

* * *

ГъащІэр ноби ещхьщ джэгупІэм - хэти сыт ирищІи сыщІ и мэхъу.
ДищІ хъурейри Вагъуэбэшхуэм хэтщ кърилъхьэу ди лъэм лъэхъу.
ГурыІуэгъуэкъым цІыху гъащІэр, мы дуней дыкъыщыхъуам, -
ГъуамэУ щыІэм зыхуейр ящІэ, акъылыфІэр хуэркъым пэхъу.

* * *

Къэдгъащтэ ди къуэм щхьэкІэ шеибжьэ, си фызыжь,
Зы нысэ дахэ цІыкІуи къыхуэтлъыхъуэнщ, зыужь.
Дэ Тхьэм хуэдита цІыкІур, пелуан нэхъей, къытхуохъу,
Ди жьыщхьи къытщхьэщыжу дехьуапсэт зы лъэужь.

* * *

Къэщэху-щэжкІэ упсэнрыр хьэлъащ, жеІэ сулъТан нэху,
Къулеягъри ещхьщ уэсэпсым, жеІэ пщышхуэм - ар мыщэху.
ГъэщІэгъуэнщ жи дэ къытщыхъур - пщылЫр тфІощІ щІэмыпхъуэжьын,
Уеблэм гъащІэри жьуджалэу дэ къытщохъу, жи, псэм деджэху.

* * *

Хоросан сэ сыщыхьэщІэу, си уэрэдыр жыжьэ згъэІут.
Абы къишэу пщащэ куэди нэкІи бгъэкІи къызэлъэІут.
Сэри зы Іумпэм сымыщІу, дуней псор къысщыхъут жэнэт,
Тхьэи зэхуэтІуэу гущІэ пщтыркІэ, уафэ нэфІым дыщІэлъэІут.

* * *

О, ди Тхьэшхуэ, сынолъэІур, къыІэ, занщІэу сыщІ куулей,
Гугъуехьыншэу мылъку къыхсэхъуэу сыпсэуну, пщыжь нэхъей.
Сэ сыхуейт къызэхъуэпсэну пщыпхъу Шордакъым Іэл щыхъуа
Хъыжьэ цІыкІуу, дахэ цІыкІур, гукІэ хъуау къыхсхуэлыгъей.

* * *

Уи быдапІэм щыкІ удз гъагъэр, уи лъыхъу щауэм и нэм къощ.
Уэри гъагъэ зэщІэпщІыпщІэм мазэ нуру укъыхощ.
Ей, дахащэ, сэ жызгъэІэт уэ уэрэду къыпхуэсхъар,
Ахэм уи гур зэщІагъэсту, лъагъуныгъэр ящІ уи фІэщ.

* * *

Уэ къызэт, ди Тхьэшхуэ, псалъэ, псэ щыуар къэзыІэтыж, -
Ар щыуами, уи Іэмыркъэ къаруущІэ езытыж.
ГъащІэ хъарым ар ипхауэ, дуней псор щІэщІауэ ехь,
ЩхьэзыфІэфІхэм хэту кІуэуэ, имыІэжу къыщхьэщыж.

* * *

Сэ сынипщхьэркъым фи гущІэм, фэри си псэм фыкІэрыкІ.
Сэ, фэрыншэуи, гугъуехьым сыхалъхъауэ, сыхэмыкІ.
О, ди Тхьэшхуэ, щхьэ цІыху фЕйхэр ди гущІыІум тез къэпщІа,
ЩумыІыгъыу аддэ къуакІэ зыдэмыхьэ-зыдэмыкІ?!

* * *

Ди сулъТаным и бейгуэлъэр щхьэзыфІэфІ ищІау къыщІокІ:
И псэупІи, и жеипІи ахэр хуиту щІохьэ-щІокІ.
Ар зыльагъу хьэиху-бжэхуэщІхэм пІастхъэ-лъастхъэуи щІадзащ -
Хэти йощэ сулъТанынпхъухэм, хэти щхьэзыфІэфІу щокІ!

* * *

Ди гъуэгужь, ди зекІуапІэу щытахэр зэгуэрым,
ДжэгупІэжь ящІыжауэ дыхуэдэщ фэтэрым.
Шы пшэр уанэ ерыщхэм, шхэфэгур ясейуэ,
Къыщагъэхъу, лэгъупэжь щымыІэжу уэтэрым.

* * *

Зи нэгу мыджылхэр нобэ зэгъусэу бэнэзв къыдолъ.
Ей, - жызыІэфхэр, дэгуэ дэнауэ, гъуанэ къыдоплъ.
Зи псэр зи дзапэкІэ зыІыгъ нэхъыбэр лъэдакъэ йощ:
Зыр мэгуэзэыр, зыр мэгуэзавэ, зым и лъыр къоплъ.

* * *

Уи тхьэкІумэм зы къиІуэнщи, нэм нэгъуэщІу илъагъунщ.
Уи фІэщ мыхъуу а пльэгъуари гъащІэм махуэ къыщыхъунщ.
Уэ, итІани, хьет жебгъэІэу, уи блэкІар пэщэч пщэдейм,
Уэри ухъуу нэхъ губзыгъэ, тхъууэ хабзэ щхьэщыр тхъунщ.

* * *

Жагъуэрыхь цІыкІухэр бэм хэшыпсауэ, я уэлиигъуэ мэхъу.
Нэрыгъ яубыдым къикІыр ямыщІэу, тІэкІуи къыпфІощІыр сэхъу.

Сабэ уэгу кьабзэм драпхъеину, таурыхъ зэхалъхьэ хуэдэщ,
Тоби къахьыжу зэми мэхашэ, куэдым яфІэщІу пэхъу.

* * *

Ей, Хъуэжэ, ди шыпсэ дадэу, зи вакъитІыр мылажьэж,
Уэ ди тхыдэм ухэмыкІыу зэм укъокІуэ, зэм уокІуэж.
Кьелдэгъэжь ди нобэ махуэм - дыпхуозэшыр, дыщІохъуэпс,
ГущІэ ІэфІу тщыгъупщэжкэр къыздэхьыжи, кьэдгъэщІэж.

* * *

Хьэм хуэдэу дэри есыкІэ тщІэну къыптпиубыдащ пщдейм.
Еплъи-къэдаІуэ, - къыджиІэ хуэдэщ, дыздэмыплъыс задейм.
Зэманым ДжфІу аІыфІу къыджаІэу, гупкІэм дыкъыпыхуащ,
КІэдахъуэрыпІхэм мафІащхьэ ящІу, щракъухьащ сэтейм.

* * *

Ди сулъТаныштхуэу, ди сулъТан нэхур, тхыдэ вагъуэбэм щоблэр.
ЛІыпІэ нэсахэм, лІыгъэ къалъыхъуэу, лъэрыгъ ёоувэ щІэблэр.
Ахэм гъуэгуэшу яІэ вагъуэбэм, лъэр иукъуэдийуэ ешэ,
Зэми лъы пштыру, зэми гу пщІанэу, зэрыІыгъыжщ я Іэблэр.

* * *

Жыхьэрмэм сыхэбгъэтыну жэнэтыбжэр зэІупхащ.
Си гур пхьэхури, сымыщІэу, нур лыгъэйкІэ уигу иупхащ.
Дэнэ джакІуэу укъикІа уэ, дэнэ щакІуэу укъикІа, -
Си гум илъу хъуар бунэщІри, гукъэкІыжу хъуар степхащ.

* * *

Нишапури Герат къали сэ шагъыркІэ сыщытхъащ.
Исфахъан къалэжьу жьыжьэм гухэлъ дахэкІэ зиспхъащ:
Удз гъэгъауэ пщащэ цІыкІухэм яхуэзусурэ уэрэд,
КъызэгуакІуэм сегуэкІуэжу, хьетІ, жезгъэІэу щызгъэхъащ.

* * *

Уэ усыт, пэж дыдэу жыпІэм: чырбыш къупхъэм укъикІа?
Хьэмэ, дэ дымыщІэ куэдым я гуэныхъ укъыкэкІа?
Дыгъэлъагъу уи щыфэлІыфэр, уи псэ джыфэлъагъу:
УкъыздикІкІэ, уздэкІуэжкІэ дэ тлъэмыкІыу сыт плъэкІа?!

* * *

Щэхуу къэІур къыбгурыІуэныр зэхэщІыкІыу Тхьэм къуитащ;
Уи нэ кугъуэри - нур куэбжэу налкъут цІыкІум пилъытащ.
Ди псэр бохьри, уокІуэдыжыр, къэбгъэзэжьым - дыбоджэж,
Ди дунейр пІейтей бгъэхъуауэ, гущІэгъэсту къэпІэтащ.

* * *

ЦІыхубз щымыкІахэм я гухэлъыр я бэщ.
Адрейхэм я хъым урадзэху - Іущабэщ.
ТІэкІу щыкІа цІыхухъуи щыІэщи дунейм...
Ахэм щхьэщытхъужу жаІэ псор я напэщ.

* * *

ЩІэдзапІэшхуэм и щІэдзэнІэм и щІэдзэкІэр пхуэпщІыхьын.
Абы иІэ зэхэлъыкІэм нэсу хэт хэщыпыхьын?
Дэ дызышэ къарууфІэм, быдж жэлэху дыкъеІэтыж,
Тхуэмыхьын зыгуэрхэр щыхъуи, фІэщ къытщещІри, тфІощІ тхуэхьын.

ХЬЭСЭНИ (ТХЬЭЗЭПЛЪ Хьэсэн).

Сурэтхэр **ПАЩТЫ** Герман *ищІащ.*

* * *

Махъшэ чырэр ешауэ, яхь къуэкІыпІэм хьэпшып.
ПшахъуэщІ къумыр нэпсейуэ, къакІэрыхур ещып.
Чырэзешэр щІэмычэу Тхьэм гъуэгу дахэкІэ йолъэІу,
ЗдэкІуэ жыжьэм къыщежьэ хуэдэ щІалэм насып.

* * *

Мы усыгъэр псэ хьэлэкІэ Хьэсэни уэ къует, ныбжьэгъу.
Ялыхь, уэри, уи насыпыр изу щыту, ухъу жэрэгъу.
Уэгу хьэл щапхъэм щІипІыкІауэ, Хьэсэни щІыгу гъащІэр ехь,
ЗэрыльэкІи гъащІэм хелъхьэ псэ къаруум хуэІэт гущІэгъу.

* * *

ЗэщІумыгъэст уэ си гур, си шыкІэпшынэ бзабзэ.
Уи макъ жьгъырур къуршыпсу, даущ пІейтём хожабзэ.
Уи гуауэр къыщигъыкІкІэ, къыбдогъ цІыхубз къэпщІахэр,
ИкІи зэщыуа гущхьэр, гъыхункІэ, мэхъу нэхъ кьабзэ.

* * *

Пабжьэ дахэу зыгъэсысхэр щыслъэгъуащ Мишхед къалэжь.
Ахэм хуещІ нэмыплъ сулъТаным - а нэмыплъри къалэжь.
Ахэм гъащІэр ягъэутхъуэ, уафэм сабэ драпхъей,
ІуэхухкІэ щхьэпэ къыпхуэхъуну яхэмыту зы щІалэжь.

* * *

Уи Іэнэгум ГъэтІыс уи ныбжьэгъуи жэрэгъуи.
А гуп псом къахэкІынкІэри хъунщ уи жагъуэгъуи.
Ауэ, гуп щыбгъэтЫысакІэ, а тЫсар умыубыж,
УхуэпІащІэуи зэу уэ тумыльхъэ нэгэгъуи.

* * *

Махъшэ чырэр макІуэ хуэму, хьэхэри йобэн.
Ауэ махъшэм и тхьэкІумэм банэ макъ ихьэн?
Абы нэхъри кьигъэгубжьу, хьэхэм зашхыхьыж,
Ауэ хьэм и губжьыр сыткІэ дэ къыдгурыІуэн?

* * *

Сэ уэрэдыр зэІузощэ удз гъэгъакІи, соутЫпщыж.
Абы щыгъуи куэдыр захуэу, сэ сыкъуаншэу къыщІедзыж.
Сэ къесхьэкІыр псалъэ гуапэщ, Іуэхуу сщІэри нэхъ дахэжщ, -
Сотх хуэрэхъуфІ жызоІэ, шагъыр тІэкІуи щызодзыж.

* * *

Ирефэ фадафэр хъухункІэ чэфыфІ,
Ар чэфу щытыхукІэ нэхъыфІу магъыф.
Теужым, щИидзэжьм, и гъыным щІигъужу,
Абы гъащІэ тІэкІур гугъусыгъуу екъыф.

* * *

ЩажьжьІэ шыд сэ къэсщэхуащ, зы уанэ цІыкІу телъыжу.
Апхуэдэу си пхъэ фІыу къикІащ, бэзэрым сытекІыжу.
Зи ІумпІэр сІыгъыу унэм сшэм, зыгуэрхэр къиІущэщырт:
«Сэ щхьэ пуду сищэн хъуа, а хуэсщІэ псом блэкІыжу?»

* * *

Хэт зыщІэр мащІагъэр? Хэт зыщІэр куэдагъэр?
Сыт батэр? Сыт гъащІэм къыдэкІуэу мыгъуагъэр?
Хэт зыщІэр насыпыр, жумартыр, хьилагъэр?
Сыт пэжыр? Сыт ди пщІыр? Сыт бзэгум и лъагъуэр?

* * *

Фыгъуэнэдыр, жи, хущІобжэ, Тхьэшхуэм дежкІэ зигъэзауэ, -
Сыт, жи, уэ зым псори щІептыр, сэ тхьэмыщкІэу сыкъэнауэ.
Уэ си натІэм фыгъуэныгъэр къыщиптхакІэ, къызэплъыж, жи,
Арыншамэ, гъащІэр схьынущ, цІыхухэм сыкъауэгъэгъужауэ.

* * *

Хэт-тІэ зыщІэр дыкъыздикІыр, щыдгъэзэжкІи гъуэгу хэхар.
ЖаІэ, вагъуэ зырызыххэу, псэм и куэбжэр щыІуахар.
Арагъэнщ дыщІызэмыщхьэр хьэлкІи щэнкІи цІыхуу хъуар:
Зыр доплъей, зыр щІым йопльыхыр, зым хъепхъуатэ зым Іахар.

* * *

ЦІыхум иІэ хъэ мыхъумыщІэм езыр кьохъур щыщытхъуж.
Езым ещхь нэгъуэщІ къыкъуэкІым, тІуми зэщхьу зальаГъуж.
Ауэ, ахэр зэфыгъэжьу, зыр кІэльыплъу зым щІидзэм,
Изогъэщхьыр зы дыгъу гуэрым нэгъуэщІ дыгъур едыгъуэж.

* * *

Дэ ди Іуэхухэр щымыхъу дыдэм, кьитхуейІам ди напэр мэс.
Нэщхъеягъуэ, тхьэмыщкІэгъуэм къытфІощІ гъащІэм дыхэхэс.
Ди псэукІэм и щытыкІэм зихъуэжьыукІэ догужьей,
Ди псэр дзапэкІэ тЫгъыжу, дыджэгу хуэдэщ шурылъэс.

* * *

Уэ пщІэрэ ди мащІэр, ди куэд гъуэтыгъуейр;
ТхуэбагъуэР, тхуэгъущІэр, ди ІэфІ жыІэгъуейр?
Хэт ищІэ, хэт жиІэ щэху-нахуэ къарур?
Сыт пэжыр, мыпэжыр, сыт щыгу дэкІыгъуейр?

* * *

Зы цІыху гуэрхэм я шыр - бадзэщ, нэгъуэщІ гуэр и бадзэр - пылщ.
Ауэ щыхъукІи, жармыкІэшхуэм, хьер щылъыхъуэхэр бырулщ.
ЦІыху дыджыгъэу тхужьІэнкъым, цІыху къэзэрхэм ящІэ псор - УпсэунЫр апхуэдизкІэ гугъущи, гъащІэр дурыдылщ.



* * *

Сытыт уи шыдым къыхихынур: мэкъур хьэмэ дыщэр ар,
Кьихутамэ ар щэнтиуэм, къыхуэмыщІэу а къэхъуар?
Мы дунейм зэпыщІэныгъэу щыІэр тфІэщІмэ зэщхь-зэуэс,
Дауэ шыдыр зэрыхьунур цІыху, щыд хьэлым нэмысар?

* * *

Хьэсэни и шыкІэпшынэр гухэлъ ІэфІ щыхуэгъым деж,
СулъТаныштхуэм и фыз къомым я нэпсыкІэр щххуу щІож.
Уэри Тхьэм къуита уи гъащІэр зэрыкІуэщІыр псынщІэу пщІэм,
УедэхащІэу тхьэІухудхэм, фІыуэ пльагъуу Тхьэ щыІуэж.

* * *

НэгъуэщІ и гуэныхьхэм сыткІэ сэ сыхуей -
Къэзлэжь щІакхъуэ Іыхьэр щохъу хьэлэл си дей.
СыхуогуфІэ ТхЪэшхуэ гъащІэр схуэзэыухуам,
СызэриІэм щхьэкІэ нобэм и пщдей.

* * *

Ефэ псоми, пщІэншэ дыдэу, бжьэ яхуипкІэм бей ухъун?
Уи ефапІэр хъум тхьэмыщкІэ, адрейхэм уапэхъун?
А ебгъафари уи псапэ - фадэм пылъхъэ гуэныхъ ин?
Фалъэ хъэскІэ шейтІан гуэрым щІедзэ уи псэр игъэхъун.

* * *

Хэт къыспихьэу баз жиІэну, зимыхъуэжу мы дунейм?
ДыпхрокІыр уафэгу гъащІэм дытехьэну и сэтейм.
Уафэм щыІэ хабзэ щэхур захуэныгъэм хъум и хьэкъ,
Дэри, цІыхухэр, хьийм димыкІыу, дыхуэхъунт жумарт пщэдейм.

* * *

ГъащІэм, ялэм дигъэІуущыт, гъуэгу зэпытчым хуэтщІу пщІэ.
Иджы, нобэм зы къэнакъым дымыщэжу хъунур пщэ.
КъытщІэкІуам и нахуэ дыдэр, ауэ жьыкъэу тхуэмыубзыху, -
Мис, итІани, дефэ-дешхэу, дэ дрещхьщ матэншэ бжьэ.

* * *

ЦІыхум иІэ и хэлъэтыр толъкъун жэру дэни нос,
ИкІи псори зыщІегъакъуэ, икІи хъуркъым зым и кІэс.
Уеблэм ар дунейм и купщІэщ - ди нэр купщІэм нэмыплъыс,
Аддэ, адэм и адэжми щыІэр щІэрэкъым нобэм къэс.

* * *

Уи шыгъупІастэ сыбгъэшхыу, сепсыхами Іэнэгу,
Уимыгугъэ сэ сщІыну уи жьэгу пащхьэр си жьэгу.
Сэ мыбы сыкъэщІэкІуэр, тезгъэунырщ сигу зэш,
Ар Фейруз итхьэкъуауэ зи схуущІэкІкъым си нэгу.

* * *

Ахьмакъыр къызэрыкІри, гупсысэшхуэ хиш щІидзащ -
Хьэпщхупщ куэдыр къуалэбзуэкэм иригъэщхьу къыхидзащ.
ЦІыхум ар къащыхъущ уэхьийуи, щхьэщэ хуащІу хъуащ я фІэщ,
Мис арати, ахьмакъыр губзыгъэшхуэу къыщІидзащ.

* * *

Фадэ ефэри емыфи я щхьэм и пщІэм хуопсэуж.
ИкІи гъащІэм и гъуэгу щхъур зэралъэкІкІэ къаззуж.
Дэ дымыщІэ аддэ уафэм щекІуэкІ куэдым кьыдитар,
Ауэ, мыдэ, щІым щыпсэухэм, гъащІэр ящэ-къащэхуж.

* * *

Сэ уэрэдхэр къыхуисшу си Зухьра сытогъэж.
Ауэрэ гъащІэ иІъэсхэр сынэщхъейуэ близогъэж.
Я къызжыІэт, ди Тхьэшхуэ, сыт уэ си гум дэбгъуар,
Апхуэдизу пІейтейуэ, имыщІэжу зэгъэж.

* * *

Бухараи Самарканди сэ щыхьащІ щІалэгъуэм щыщ.
Абы щыІэ тхьэІухудхэр ещхьщ вагъуэбэм нур къыпыщ.
Зым уегукІуэм, зым уохъуапсэ, зыр нэхъ уду уещІыр гъэр,
Апхуэдизэ зыльагъу щІалэщІэр сыткІэ хъун и ныбжькІэ Іущ?

* * *

Шагъыр тІэкІу семыфэр пэжкъым - мащІэу сефэурэ щІызощ.
Сыщхьэжагъуэ къыщыхъу гуэри, тІэкІу соІуб, уэрэд къызощ.
Уеблэм махъшэм сытесу щызэпысчкІи гуэзгу мыкІэщІ,
Си шагъырым гущІэ псынэ уэру гущІэм къысфІыщІеш.

* * *

Акъылышхуэ зиІэ лЫжьжьэр къапльэу сэ сІэтащ шагъыр.
Къыщыхъуар ар Исфахъан дежщ - ар щІалэгъуэм и тезыщ.
Абы лъандэрэ блэжщ псы куэди, куэд делагъи щІызгъужащ,
Ауэ дадэу къызэплъахэм я гуэныхьу стельщ а зыр.

* * *

Пшахъуэ къумым бедуинхэм уэрэд Іэджэ щажесІащ.
Пащащэ цІыкІуэхри гуэхэлъкІэ къыщыдэсхьэхи щыІащ.
Ауэ, ахэм я хабзэжькІэ, къулейсызыр малъхъэ мыхъут,
Абы щхьэкІи зишэрЫуэ дахэу мызи-мытІи щыпхьащ.

* * *

Уи нитІыр мыщІэу зэрылыдыр щытащ жиІауэ Хьэкъани.
Ардыдэр ноби, гущІэгъэсту, къреш уэрэду Хьэсэни.
Хьэщыкъ пхуэхъуащ уэ си псэр нобэ, къуэкІыпІэ вагъуэм и сурэт,
ИкІи бжьзоІэ уэрэд кІэншэ, си гъащІэ гъагъэм и дадий.

● Фэ фщIэрэ?

Къуалэбзухэм я цIэхэр

Куропатка тундряная - *Къуршадэжьнэ*

Лунь степной - *Жьец, мэкъупIэжьец*

Московка - *ЩIыжьдадэщIыкIу*

Мухоловка полуошейниковая - *Жьыкъанфыщ1э*

Нырок красноносый - *Бабыщпэлъ.*

Кавказ расэ

● ФщIэн папщIэ

Инджылызыбзэм «цIыху хужьхэр» мыхьэнэр къикIыу XVIII лIэщIыгъуэм къыщыщIидзаеу нобэм къэс щIэныгъэ фIэщыгъэцIэу къигъэсэбэлыр «кавказ (Caucasian) расэ» терминырц.

Америкэм и цIыху хужьхэм къызыхэкIар тхыгъэкIэ къагъэлъэгъуэн уэрэд щIыхьукIэ, ноби къыхах «кавказ» фIэщыгъэр. Абы щыгъуэми гу лъытапхъэ гъэ Кавказым и цIыхухэри а псалъэр къэзыгъэсэбэн хамэ къэралхэри абы и къежьапIэ дыдэмрэ и мыкъэнэмрэ нэсу зэрыщымыгъуэзэм.

«Кавказ расэ» терминыр ялэ дыдэу 1795 гъэм нэмыцэ щIэныгъэлI, антропологием и лъабжьэгъэтIылъу ялъытэ, Гёттинген университетым и профессор Блуменбах Иоганн Фридрих къигъэсэбэлу щIидзащ.

«ЦIыху хужь» псалъэхэр ялэ къыхэзыльхьар Блуменбах и лэжьэгъу Мейнерс Кристофщ. «Кавказ расэ» терминыр Мейнерс и цIэм езыльхъ щIэныгъэлIхэри щыIэщ.

Блуменбах ящыщщ цIыхухэр расэкIэ ялэ дыдэу зыгъэшахэм («�цIыху лIэужьыгъуэхэм ятеухуауэ», 1795 гъэ). ЩIэныгъэлIым къызэрилъытэмкIэ, «Кавказ щыналъхэм цIыху лIэужьыгъуэхэм я нэхъ дахэ дыдэр къегъэщI». XVIII лIэщIыгъуэм и кIэм Блуменбах цIыхухэр я теплъэмрэ я Iэпкълъапкъ зэхэльыкIэмрэ теухуауэ лIэужьыгъуитхуу игуэшащ: кавказ е хужь, монгол е гъэужь, малай е къъуэщыныфэ, эфиоп е фIыщIэ, американ е плъыжь.

Блуменбах, Кавказым щыпсэухэм я щхьэ къупщхьэхэр иджа нэужь, етх: «ЦIыIэщ расэ хужь, европэ цIыхухэр зыхьыхьар. А расэм кавказ расэкIэ еджэн хуейщ, сыту жыпIэмэ а расэм хиубыдэхэм ящыщу нэхъ къабзэ дыдэр икIи пасэрей дыдэр Кавказ щIыналъэм щыпсэу пIэпкъэрщ». Нэущыгъу жыпIэмэ, щIэныгъэлым къызэрилъытэмкIэ, адрей расэ псоми (Европэми Азиеми я цIыхухэри хиубыдэу) я къежьапIэр Кавказырщ, ахэр къызэпстекIар абы ис лъэпкъхэщ. Апхуэдэуи, абы зэрыжиIэмкIэ, илъэсищэ, мин бжыгъэхэм къриубыдэу Европэм и цIыхухэр расэ зэхэмыдзхэм яхэзэрыхьурэ, зэхъуэкIыныгъэхэр ягъуэтащ икIи расэ хужьыр къабзэу къыщыIэтенар Кавказ щIыналъэрщ.

Блуменбах, а зэманым псэуа щIэныгъэлIхэми ещхьу, щэрджэс цIыхубзхэм я дахагъэ къыхэзыримыкIуэм гулъытэ лей хуищIащ икIи кавказ расэм къыхэхьэ щыщыгъуэ ахэр нэхъ дахэ дыдэу къиIыхьатащ.

Канадэм и иджыерей щIэныгъэлI, Гарвард университетым бзэщIэныгъэхэмкIэ доктор щыхъуа, Гамильтон дзт Макмастер университетым и профессор, Кавказыр, адыгэбзэхэр джыныкIэ Iэщ1агъэлI Джон Коларуссо иджыдэжьым ятеухуауэ къыгурыIуэ дэу етх: «Щэрджэсхэр я цIыхубзхэм я дахагъэмрэ я цIыхухъухэм я хахуагъэмкIэ цIэрыIуэт. Я теплъэкIэ щэрджэсхэм я нэхъыбэр европэ цIыхухэщ, къуэкIыпIэ щытыкIэ мащIэ гуэрхэри щахэлъи щыIэщ. Щэрджэс куэдыр зи нэхэр щIыху щхьэц сырыхухэщ, абы щыгъуэми адрейхэм кавказ цIыхухэм я зэхуэдэ щытыкIэхэр зыхэльхэри яхэтщ: я фэ хужьыбзэм щхьэц фIыцIэр щыIгъуу. ЦIыхубзхэми цIыхухъухэми Iэпкъльапкъыр лантIэу икIи уардэу щытыным гулъытэ хуащIыр, икIи ноби къуажэ куэдым зи ныбжьыр хэкIуэта цIыху ущыпсэхэр дэсщ, абыхэм ятеухуауэ мыпхуэдэу ныбжьыр илъэсищэм щIипхуащ». («Прометей щэрджэсхэм ящыщщ», 1987 гъэ).

XIX лIэщIыгъуэм псэуа нэмыцэ щIэныгъэлI цIэрыIуэ Гегель Г. В. Ф., нэгъуэщI щIэныгъэ лэжьакIуэ куэдми хуэдэу, «кавказ расэ» терминыр къигъэсэбэлырт: «Тхыдэхэм ипэкIэ щыIэ кавказ расэм и закъуэщ» («Псэм и философие», 1817 гъэ).

Американ щIэныгъэлI, лъэпкъэр джыныкIэ америкэ щIэныгъэм и къызэгъэпэщакIэу Мортон Самюэль Джордж зэрелъыкIэ, расэхэм я къежьапIэр зэтехуэрекъым («ЦIыху лIэужьыгъуэхэр», 1854 гъэ). Мортон пщIэшхуэ зиIэ щIэныгъэлIт, абы и теориехэри егъэлеяуэ цIэрыIуэт. Блуменбах антропологие псом и лъабжьэгъэтIылъу ялъытэм, Мортон американ антропологиер зэфIегъэувауэ ябж. ЦIыхухэм я акъылым и зэфIэкIхэм тещIыхьауэ, щIэныгъэлIым расэ иерархиемрэ теухуа гупсысэ къыхилъхьауэ щыт1ащ. А иерархием расэхэм мыпхуэдэ увыпIэхэр щагъуэтащ: кавказ цIыхухэр ищхьэм, цIыху фIыцIэхэр и лъабжьэм, адрей расэхэр я кум. Абы нэмыщI, пасэрей Мысырым кьщагъуэта щхьэ къупщхьэхэр иджа нэужь, Мортон ахэр Кавказым ейуэ, Мысырым зыкIи пымыщIауэ къыльытащ.

Дунейм и япэ цIыхухэр Кавказым кьщежьэу къэзылъытар краниологие щхьэ къупщхьэхэр зыдж щIэныгъэм къэхуIэнэгъэхэм я закъуэхэм, атIэ бзэщIэныгъэм, уеблэмэ генетикэм ехьэлIауэ США-мрэ Канадэмрэ я еджагъэшхуэхэри апхуэдэ гупсысэм хуэкIуац. Профессор Джон Коларуссо зэрыжиIэмкIэ, зыкIи зэмылпха къэхутэныгъитым (Канадэм и Макмастер университетымрэ США-м и Гарвард университетымрэ) япкъ иткIэ, дуней псом тет лъэпкъхэм ящыщу индоевропей геныр нэхъыбэ дыдэу зыхэлъу къалъытар адыгэхэрщ. Коларуссо «Голос Америки» хъыбарегъащIэ Iэнатlэм и урыс Iуэхущlапlэм ирита интервьюм зэрыщыжиIамкIэ, генетикэ къэхутэныгъэм куэдкIэ япэ къихуэу абы къихуташ зэман жьыкъэм индоевропейхэм (урысхэм, славянхэм, инджылызхэм, алыджхэм, италькнхэм, н. къ.) я бзэр адыгэхэр, убыххэр, абазэхэр зэрыпсэлъэм пэгъунэгъуу, уеблэмэ техуапэу. Индоевропейкэр Кавказым и адыгэхэм екIуэлIэжу къилъытэу, щIэныгъэлIыр мыпхуэдэ гупсысэм хуэкIуац: «Дунейм цIыхуу тетыр щэнхабзэрэ лъыкIэ дызэпхащ».

Езы «кавказ» е «расэ хужь» терминым и гугъу пщIымэ, ахэр нобэ къэгъэсэбэныпым екъэлIауэ еплъыкIэ зэхуэмыдэжым урохьэлIэ. Апхуэдэу американ университетым антропологиемкIэ и егъэджакIуэ Мукходадхий Кэрол кьыззрилъытэмкIэ, а терминыр щызэсэбэныпым «щIэныгъэ расизм» икIи «расизм» езыр-езыру къызэрыуэнэхум, цIыху гуп щхьэхуэу кавказ расэм екъэлIахэр адрей гупхэм ефIэкIыным теуха гупсысэ пхэнжьыр» кърокIуэ. Абы къыхэкIыуи, «кавказ цIыху», «цIыху хужь» терминхэр нобэрей США-м къыщыгъэсэбэныпым расизмэм и нэщэнэу къыщалъытэ щыIэщ.

Абы и лъэныкъуэкIэ гъэщIэгъуэнщ нэгъуэщI еплъыкIэр: «кавказ расэ» терминыр Америкэм убгуэуэ къызэрыщагъэсэбэныпым и щхьэусыгъуэщ расист термину кьалъытэ «хужь» псалъэм нэхърэ цIыхум и фэм емыльытэ икIи щIэныгъэ псалъэу щыт «кавказ» терминыр нэхъ къызэращтэр (Пэинтер Нелл: «ЦIыху хужьхэм «кавказ цIыхукIэ» щIеджэр», 2003 гъэ).

Урысейм и еджапIэ нэхъыщхьэм сызэрыщIэса зэманым къриубыдэу зэи «кавказ расэ» терминым срихьэлIакъым. Хамэ къэралI, нэхъ тэмэму жыпIэмэ, Лондон къалэм зи гугъу тщIы Iуэхугъуэм зыкIи емыкIуалIэ упщIэм теухуа магистр лэжьыгъэм ехьэлIа литературэм щыгъуазэ зыщыхуэсщIым, зи фэр хужь цIыхухэм псоми «кавказ расэкIэ» зэреджэм нэIуасэ сыхуэхъуащ.

Щэч хэмылъу, сыт хуэдэ зэхэгъэжьынгъэри (ирехъу ар расэ, пэпкъэ, дин, ныбжь е нэгъуэщI) нобэрей зэманым кьеэзгъыркъым. Тхыдэр тхащ икIи къэгъаз зимыIэщ. ЦIыху хужьхэм фIыцIэхэр ягъэпщылIу щыщыта зэманри блэкIам къыщынащ. Ауэ цIыхухэр къызыхэкIа и лъэныкъуэкIэ зэрагъэшIэр иджыри къэгъэгурыкIуэ.

Дунейм цIыху тетым я къежьапIэр зыщ икIи абы щыхьэт тохъуэ щIэныгъэ къэхутэныгъэ бжыгъэнщэхэр, мы лэжьыгъэм зи цIэ къыщIиуахэри яхэту. Зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым: зэщхьэщыкIныгъэ нэрылъагъуэм емылъытауэ, дэ псори дунейм дрицIыхуц, ди лъабжьэхэр зыуэ икIи благъэ гъэкIэ дызэпхауэ.

МЭРЕМЫКЪУЭ Элеонорэ.

Хьэрис Азнаур цIыкIу траха сурэтым къыбжиIэ хуэдэщ: «Фыкъыплъи фыкъэдаIуэ... Сэ лIы къысхэкIынщ!»

● Теплъэгъуэхэр

● Шхыныгъуэхэр

Лэпс зэщIэт, мэлыл, кIэртIоф, пхъы хэлъу

Мэлылыр зэпаупщI е зэпауд Iыхьэ щыкIуэрэ, г 30 - 40 хьуэрэ. Псы щIыIэкIэ ятхьэщI, шыуаным ит псы щIыIэм халъхьэри, мафIэ иным тету зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр къытрахыурэ. МафIэр цIыкIуищI, шыуаныщхьэр трапIэри, лыр ныкъуэвэрI хъуху ягъавэ. ИтIанэ зэпэплIимэу упщIэта кIэртIоф халъхьэ, зэ къытрагъэкъуальэри бжьыныху убам и ныкъуэр халъхьэ, зэIащIэ, шыуаныщхьэр трапIэри, мафIэ щабэм тету къаугавэ дакъикъипщI-пщыкIутхукIэ. Абы халъхьэ зэпэплIимэ цIыкIуурэ упщIэта пхъыукъэбза. Шыуаныщхьэр трапIэжри, къаугавэ дакъикъиплI-тхукIэ. ИтIанэ халъхьэ зэпэплIимэ цIыкIуурэ упщIэта бжьыныщхьэ, бжьыныху, шыгъу къэнар, шыбжий, шыуаныщхьэр трапIэжри, хьэзыр хьуху ягъавэ. Шыуаныр пэщхьэкум къытрах, джэдгъын хаудэри, шыуаныщхьэр тепIауэ дакъикъи 4 - 5-кIэ щагъэт, нэхъ мэ гуакIуэ къищтэн щхьэкIэ. Пщтыру фальэ куукIэ Iэнэм трагъэувэ. ЩIакхъуэ, пIастэ щIыIэ, чыржьын дашх.

Халъхьэхэр (цIыхунI Iыхьэ):

Мэлылу - грамм 500

Лыр зэрагъэвэну псыуэ - грамм 1400-рэ

КIэртIоф укъэбзауэ - грамм 200

Пхъы укъэбзауэ - грамм 80

Бжьыныщхьэ укъэбзауэ - грамм 30

Бжьыныхуу - грамм 35-рэ

Шыбжий сыру, шыгъуу, шыбжий фIыщIэу, джэдгыну - узыхуейм хэущIэ.

КЪУБАТИЙ Борис.

● Гупсысэр - псалъэкIэ

БлэкIам ухущIегъуэжыну щыхъум кIасэ...

УИМЫГУГЪЭ уэ сыножьэу гъащIэр блэзгъэкIауэ, уимыгугъэ уэр папщIэ сыпсэууауэ, ущIэмыупщIэ гъащIэм щхьэусыгъуэу къыхуэзгупсысам... Уимыгугъэ гъащIэм сыхигъащIэу жащIкIэрэ зэщыщжу гъыуэ зыгъэкIуахэм сэ сащыщу. Сыпсэуну гъащIэр сфIэмащIэIуэу, хьэуам и Iэфlкlэ сримыкъуу, уэсыщIэм и къабзагъэми зыщщзмыгъэнщIу, гъатхэм жыг гулъхэм сахуэуэсэу, сыбзуэху шыкур хуэсщIыфу сыкъэзыгъэщIам сэ сыпсэуащ... Сеплъакъым уи сурэтым жэщкIэ щэжу, къэдыгуауэ. Хьэуэ, къыдэсшейуэ уи цIэр Iейкlэ зым хуэзмыуба, сыгукъэкIыжьым уезгъэгъэпIейтейуэ пщIэзгъэупщIакъым куэдрэ. Сэракъым сызэрысымыгъэр, шыуаныщхьэр трапIэри, лыр ныпхуигъакIуэу пщэдджыжь жей Iэфlым укъыкъэзышар. Сыхуейтэкъым сэ куэд, мы гъащIэм къэдмылэжьу зыри кьыхуигъафащэхэркъым, арамэ къэзлэжьар - си ягъэжщи, сольалуэ гуэзрыдзэ сэ къысхуумыщIыну, япхамэ лъакъуэхэр - убэкъуэфын, жьэр Iупхамэ - сытыр жьипIэжьи, къыIуалъхьам нэщыпхъуэр - нитIым я лъэIур сыгткIэ къозгъэщIэнт. КъыщIэкIынщ уэ куэдкIэ сыбгъэзэжьэнщэу, къыбгурымыIуэу, гъащIэм къыщыхъуэхэм къыщолъыхъуэ си къуаншагъэ гуэр. Насыпым къысхуигъэлъэгъуамрэ мы гъащIэм сыкъызэригъэгугъамрэ ящыгъупщэжауэ сыкъамыщIыхужу фэ зытрагъэуэфыр. Гъуэрыгъуэу гукъеуэмрэ нэщхьеягъэмрэ сращэ я гъуэм сэ хьэщIапIэ, хэщIапIэфI я лъахэр сэ схуэхъуну ящIыну хэтщ абыхэм сэ си фIэщ, къысхупачауэ я гъунэгъуу сэ унапIэ, удхэм схуаухуэ унэ цIыкIу. Ауэ, уэ пщIэркъым сызэрысымаджэр, ар зыми къезмыгъащIэу собзыщ, удз лантIэм иригжам хуэдабзэу шэмэдж жаныр, мы си гъащIэм къэдмылэжьу зыри кьыхуигъафащэхэркъым, арамэ къэзлэжьар - си ягъэжщи, сольалуэ гуэзрыдзэ сэ къысхуумыщIыну, япхамэ лъакъуэхэр - убэкъуэфын, жьэр Iупхамэ - сытыр жьипIэжьи, къыIуалъхьам нэщыпхъуэр - нитIым я лъэIур сыгткIэ къозгъэщIэнт. КъыщIэкIынщ уэ куэдкIэ сыбгъэзэжьэнщэу, къыбгурымыIуэу, гъащIэм къыщыхъуэхэм къыщолъыхъуэ си къуаншагъэ гуэр. Насыпым къысхуигъэлъэгъуамрэ мы гъащIэм сыкъызэригъэгугъамрэ ящыгъупщэжауэ сыкъамыщIыхужу фэ зытрагъэуэфыр. Гъуэрыгъуэу гукъеуэмрэ нэщхьеягъэмрэ

● Псалъэ пэжхэр

ГущIэ ящIынур гужьымкIэ къашэ

♦Уи ныбжьэгъуэ къыптегушхуащэу щIидзамэ, ар уиныбжьэгъуэжьхъум, уи тепщэу аращ.

♦Псэ къабзэм къыбгъэдэкIа псалъэхэр зэи утхъуэркъым.

♦Уэ укъыщызэлъэIум деж сыдунейнэхуу жоIэ, сэ сынолъэIун хуей хъуамэ, «лъэIуэрей» къысфIощ.

♦Зауэ-банэкIэ жэнэт къэблэжьынукъым.

♦Дыгъужьрэ пэт зыр адрейм щошынэ.

♦ЦIыхухэр фIыуэ плъагъуэмэщ гъащIэр щыплъагъунри.

♦Куэдыщэрэ учэнджащэмэ, ущIэчэнджащэр пщогъупщэж.

♦БлэкIа зэманыр зейр нэхъыкъэращ, къэкIуэну псори щIэблэрщ зейр.

♦ГущIэ ящIынур гужьымкIэ къашэ.

♦Бзэгуэхьэм и щхьэхьым хей Iэджкэ еукI.

♦Имыкъалэнэр ирагъэлэжьурэ, и къалэн дыдэр щыгъупщэжат.

♦ДыгуфIэжу гъащIэм Iэфlхэр къыIыдох, нэпсхэр щIэдутхыкIыу дыдэкъэ щхьтIэщIелъхэ.

♦Зыгъэгъэпагэу уафэм хуэдэплъейжэр щIылъэ зытетым щолъэпэрапэ.

♦Япэ кIуат уаэсм зытумыгъэгуэсу къеIых.

КIУРАШИН Алий.
ХьэтIохъущыкъуей къуажэ

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **5.** Джэдкъаз. **9.** Уэс жьгъей дыдэ. Е хъарбыз хъуам къыдих. **10.** Мэжджытым хэтщ ... джанIэ. **11.** Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ. **12.** Адыгэш къабзэ. **13.** ЩIыпIэ хуабэхэм къраш пхъэщхьэмыщхьэ. **14.** Узижагъуэм и нэм ... ущIоуэ. **16.** Адэр дэм хуагъадэмэ, ар нэм хуагъадэ. **18.** Сэлэт вакъэ. **22.** Щыгъыныр щызэпэубыда зэманхэм нысэр и гуащэм хуэупсащ ... тIорыкIуэгъэкIэ. **23.** Нысэ къэзышам Iыхьлыи ... и кудэти, ахъшэ хъушэу къыхуахьащ. **26.** МахуэщIэ. **27.** Джэгуныгъэ ... **28.** Тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и тхьэмадэ. **31.** Хъ_ дэхэкI трищIэну унагъуэм игъэхьэзыра щы Iыхьэ. **34.** Гъатхэм пасэу къэгъагъэ удз шакъафэ-къащхъуафэ цIыкIу. Абы теухуа усэ иIэщ Щоджэнцыкиу Алий. **36.** ... хэбгъэтIасэмэ, пхуэгъэхьужыркъым. **8.** Удз сыр лIэужьыгъуэ. И кулпэр яшх. **15.** Нэхъапэм адыгэм зэрахьэу щыта гуэгуэн, лэгъуп уэрэдзкэр кьиз1ыхэщIыкIа гъущI лIэужьыгъуэ. **17.** Пщыкъуэм и щхьэгъуэ. **19.** Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэу, адыгэм и гъунэгъу лъэпкъ. **20.** Iэщым, шым я фэр изых бадзэшхуэ. **21.** Зеиншэ. **24.** «Адыгэ пшынэ, адыгэ пшынэ, си гум ухэлльщ уэ, си гур пхуосакъ, лъэпкъыр кIуэдыну сфIощIри сошынэ, зэхэсмыхьыжщыгъэ уи макъ» - хэт мы усэ сатырхэр Тхьэгъэзит Зубер зыхуэдэр? **25.** НэуфыцI-... **29.** ФIыуэ узэрыльагъумэ, бгъэныщхьэ унэри ... **30.** Шыгуэехуэм и Iэ ижьым сыт Iэщ1эльэ хабзэр? **32.** Пхъэ ... е фIамыщI ... **33.** Си ... исым и уэрэд жимыIэу хъуркъым. **35.** Зи гупсысэкIэ, зи Iуэху еплъыкIэкIэ зэтехуэ цIыкIуэхэр къызэщIэзыубыдэ, политикэ Iуэху зезыхуэ гупшхуэ.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Бадзэуэгъуэм и 26-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: 3. Къандес. **5.** Азэмэт. **8.** Гъасэ. **9.** Пшэ. **10.** Iущхьэ. **13.** Къру. **14.** Псыхъурей. **15.** Шыд. **18.** Гъэужь. **19.** Жьапщэ. **21.** Ерэн. **24.** Болэ. **25.** Кърым. **28.** Шэрхъ. **30.** Щхьэпс. **32.** Бгъэн. **33.** Шэд. **34.** Андэгурэ. **35.** Дыд. **38.** Дыщэ. **39.** Пау. **41.** Лэкъум. **42.** Щхьэнтэ. **43.** Шыцуэс.

Къехуу: **1.** Есап. **2.** Махуэ. **3.** Къагъырмэс. **4.** Нысэ. **6.** Мащэ. **7.** Тхьэрыкъуэф. **11.** Псыжь. **12.** Делэ. **16.** Кхъужь. **17.** Яе. **20.** Пыпхэ. **22.** Блэ. **23.** Гъурц. **26.** Къэрэндащ. **27.** Уэзырмэс. **29.** Хъы. **30.** Щынэ. **31.** Сурэ. **32.** Бу. **36.** Кьущхьэ. **37.** Джэду. **39.** Пхъэх. **40.** Уэшх.

ГъащIэм и дерсхэр

● Сатыр кIэщIхэр

* * *

Зыдебгъэхьэхыу цIыху фэрыщIым,
КъыбжиIэ псор уи фIэщ умыщI.
Кьохъу дымыщIыхум дэ дзыхь хуэтщIу,
Хьэдэгъуэдахэ къыщытщыщI.

* * *

Ущымыуэн щхьэкIэ, учэнджэщэныр
Дапщэщи щхьэпэщ, шэсыпIэфIщ.
Ауэ нэхъыжьхэм я ущиер
Чэнджэщу щыIэм я нэхъыфIщ.

* * *

Пшхыну щIымэракIуэм
Нэхъ гуакIуэ сыт щыIэ?
Ауэ ебгъэлеймэ,
Iэфlми гур къеуIэ.

АПАЖЭ Ахьмэд.
Щхьэлыкъуэ къуажэ

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЩIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жыласэ Заурбэч *(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ)*, **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** *(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ)*, **Ширдий Маринэ** *(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ)*, **Гъурыжь Мадинэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Изэ.**

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).



КъыдэзыгъэкIхэм я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэм ядолжэныныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэщхьэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм -42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытехэм нэху жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм макъуэуэгъуэм и 14-м Печатым и хунтныигъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Элэ, редактору Жыласэ Маритэ, корректорхэу Щоджэн Инэ** *(1, 3-нэ)*, **Щоджэн Заирэ** *(2, 4-нэ)*, *корректорхэм я дзIэныкъуэгъу* **Мырзэкъан ФатIимэ.** *КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ищIащ* **Ныр Саидэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаниэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.045● Заказ №1522